

## **AVI GARANTI PWOSEDI**

### **CONSULTLINE BIWO EDIKASYON ESPESYAL LA, YON SÈVIS ASISTANS POU PARAN 800-879-2301**

Pèsonèl ConsultLine lan aladispozisyon paran ak defansè timoun ki gen andikap oswa timoun yo panse ki andikape pou eksplike lwa federal ak lwa Eta anrapò ak edikasyon espesyal; dekri opsyon ki disponib pou paran yo; enfòmè paran yo sou garanti pwosedè yo; idantifye lòt ajans ak sèvis sipò; epi dekri rekou ki disponib yo ak fason paran yo ka aji.

Gen Lòt Resous ki parèt nan fen avi sa a.

Lwa sou Edikasyon Moun ki gen Andikap (IDEA, Individuals with Disabilities Education Act), ki se lwa Federal konsènan edikasyon elèv ki gen andikap, mande pou Ajans Edikasyon Lokal la (Local Education Agency, LEA) bay paran yon timoun ki gen yon andikap avi sa a ki gen eksplikasyon konplè sou garanti pwosedè disponib dapre IDEA ak Règleman Depatman Edikasyon Ameriken. Yo dwe bay paran yo yon kopi avi sa a yon fwa pa ane lekòl sèlman, oswa:

(1) nan moman premye referans oswa demann paran pou evalyasyon; (2) lè paran yo depoze premye plent yo nan Eta a dapre 34 CFR §§300.151 jouk rive 300.153 ak nan moman paran depoze premye plent pou jistis ekitab yo nan yon ane lekòl dapre §300.507; epi (3) lè yo pran yon desizyon pou pran yon mezi disiplinè ki reprezante yon chanjman nan plasman; (4) lè paran mande li. [34 CFR §300.504(a)]

Avi sou garanti pwosedè sa a dwe genyen ladann yon eksplikasyon konplè sou tout garanti pwosedè ki disponib dapre §300.148 (plasman inilateral nan yon lekòl prive sou frè leta), §§300.151 jiska 300.153 (pwosedè pou plent Eta), §300.300 (konsantman), §§300.502 jiska 300.503, §§300.505 jiska 300.518, ak §§300.530 jiska 300.536 (garanti pwosedè nan Sou-pati E nan règleman Pati B), epi §§300.610 jiska 300.625 (dispozisyon anrapò ak konfidansyalite enfòmasyon nan Sou-pati F). Fòm modèl sa a bay yon fòm ke LEA yo ka chwazi pou yo itilize pou bay paran yo enfòmasyon sou garanti pwosedè yo.

# TABDÈMATYÈ

|   |          |
|---|----------|
| I. ENFÒMASYON JENERAL .....   | 1        |
| A. Kimoun Ki Paran? (34 CFR §300.30) .....  | 1        |
| B. Kisa Avi Alekri Alavans Ye? (34 CFR §300.503) .....  | 1        |
| C. Kisa Lang Natif Natal Ye? (34 CFR §300.29) .....   | 2        |
| D. Avi Pa Kourye Elektwonik (34 CFR §300.505) .....   | 2        |
| E. Kisa Konsantman Paran Ye? (34 CFR §300.9) .....  | 3        |
| F. Kilè Konsantman Paran Nesesè? .....  | 3        |
| G. Konsantman Pou Devwale Enfòmasyon Ki Ka Pèmèt Idantifye Moun Pèsonèlman<br>(34 CFR §300.622) ..... | 6<br>6   |
| II. ENFÒMASYON KONFIDANSYALITE .....  | 7        |
| A. Definisyon yo .....  | 7        |
| B. Pèmèt idantifye yon moun pèsonèlman (34 CFR §300.32) vle di enfòmasyon ki gen ladan .....          | 7        |
| C. Dwa Aksè (34 CFR §300.613) .....   | 7        |
| D. Frè .....  | 8        |
| E. Amanman dosye sou demann paran (34 CFR §300.618) .....   | 8        |
| F. Opòtinite pou yon Odyans pou Dosye (34 CFR §300.619) .....   | 8        |
| a. Pwosedè pou Odyans (34 CFR §300.621) .....   | 8        |
| b. Rezilta Odyans (34 CFR §300.620) .....   | 9        |
| c. Garanti (34 CFR §300.623) .....  | 9        |
| d. Destriksyon Enfòmasyon (34 CFR §300.624) .....   | 9        |
| III. PWOSEDI POU PLENT NAN ETA A (34 CFR §§300.151-153) .....   | 9        |
| A. Diferans Ant Pwosedè Pou Plent Pou Odyans Pou Jistis Ekitab Ak Plent Nan Eta A .....               | 9        |
| B. Kijan Mwen Ka Depoze Yon Plent Eta? (34 CFR §300.153) .....  | 10       |
| IV. PWOSEDI PLENT POU JISTIS EKITAB .....   | 12       |
| A. Kijan Mwen Ka Mande Yon Odyans Pou Jistis Ekitab? .....  | 12       |
| B. Kontni Plent Pou Jistis Ekitab (34 CFR §300.508) .....   | 12       |
| C. Pwosedè Rezolisyon (34 CFR §300.510) .....   | 13       |
| V. ODYANS PLENT POU JISTIS EKITAB .....   | 15       |
| A. Odyans Pou Jistis Ekitab San Patipri (34 CFR §300.511) .....                                       | 15       |
| B. Dwa Pou Odyans (34 CFR §300.512) .....   | 15       |
| C. Desizyon Odyans (34 CFR §300.513) .....  | 16       |
| D. Finalite Desizyon; Apèl; Revizyon San Patipri (34 CFR §300.514) .....                              | 17       |
| E. Delè Ak Fasilite Odyans Yo (34 CFR §300.515) .....   | 17       |
| F. Aksyon Sivil, Ansanm Ak Delè Pou Depoze Aksyon Sa Yo (34 CFR §300.516) .....                       | 17       |
| G. Frè Avoka (34 CFR §300.517) .....  | 18       |
| H. Modèl Fòm (34 CFR §300.509) .....  | 19       |
| VI. MEDYASYON (34 CFR §300.506) .....   | 19       |
| A. Jeneral .....  | 19       |
| B. Kondisyon Pou Pwosedè .....  | 19       |
| C. Medyatè Enpasyal .....   | 20       |
| VII. PLASMAN TIMOUN NAN PANDAN MEDYASYON AK JISTIS EKITAB ANNATANT (34 CFR<br>§300.518) .....         | 20<br>20 |
| VIII. E SI TIMOUN MWEN YO ESKLI NAN LEKÒL AKÒZ PWOBLEM DISIPLIN? .....                                | 21       |
| A. Otorite Pèsonèl Lekòl La (34 CFR §300.530) .....   | 21       |

|   |    |
|---|----|
| B. Chanjman Plasman Poutèt Ravwa Di Jisidiploinè yo (34 CFR §300.536) .....   | 23 |
| C. Detèminasyon Anviwònman (34 CFR §300.531) .....  | 23 |
| D. Apèl (34 CFR §300.532).....  | 24 |
| E. Plasman Pandan Apèl yo (34 CFR §300.533).....  | 24 |
| F. Pwoteksyon Pou Timoun Ki Poko Kalifye Pou Edikasyon Espesyal Ak Sèvis Ki Anrapò Ak Edikasyon Espesyal (34 CFR §300.534)..... | 25 |
| G. Referans Ak Aksyon Bòkote Otorite Ki Responsab Aplikasyon Lalwa Ak Otorite Jidisyè (34 CFR §300.535) .....                   | 26 |
| IX. KI SÈVIS EDIKASYON ESPESYAL KI DISPONIB POU TIMOUN MWEN, SI PARAN METE L NAN YON LEKÒL PRIVE? .....                         | 26 |
| A. Règ Jeneral (34 CFR §300.148) .....  | 26 |
| B. Eksepsyon yo.....  | 26 |
| C. Patisipasyon Ekitab (34 CFR §300.138).....   | 27 |
| ANÈKS A - RESOUS.....   | 28 |
| ANÈKS B.....  | 29 |
| Fòm Demann Medyasyon  |    |
| Avi pou Plent pou Jistis Ekitab   |    |

## I. ENFÒMASYON JENERAL

### A. Kimoun Ki Paran? (34 CFR §300.30)

SEKSYON SA A DEKRI KIMOUN KI KA AJI KÒM YON PARAN POU PRAN DESIZYON KONSÈNAN EDIKASYON ESPESYAL.

Yon paran se paran nan san oswa paran adoptif yon timoun; yon paran akèy; yon gadyen ki gen otorizasyon anjeneral pou aji kòm paran timoun nan, oswa ki gen otorizasyon pou pran desizyon pou edikasyon pou timoun lan; yon moun k ap aji nan plas yon paran nan san oswa yon paran adoptif (ankontan yon granparan, boparan, oswa lòt manm fanmi) epi timoun nan ap viv ak moun sa, osinon yon moun ki responsab legalman pou byennèt timoun lan; oswa yon paran ranplasan.

Yo dwe nonmen yon paran ranplasan lè yo pa ka pa idantifye okenn paran; ajans piblik la pa ka jwenn yon paran apre li fin fè ase efò pou jwenn li; timoun lan sou lagad legal Eta a dapre lwa Pennsilvani, oswa timoun lan se yon jèn sanzabri ki pa akonpaye jan sa defini nan Lwa McKinney-Vento sou Asistans Sanzabri, 42 U.S.C. Sec. 11434a (6). Ajans piblik yo dwe asire ke yon moun yo chwazi kòm yon paran ranplasan se pa yon anplwaye nan SEA, LEA oswa nenpòt lòt ajans ki patisipe nan edikasyon oswa nan swen timoun nan; li pa gen okenn enterè pèsònèl oubyen pwofesyonèl ki an dezakò ak enterè timoun nan paran ranplasan an reprezante a; e li gen konesans ak konpetans ki asire bon jan reprezantasyon timoun nan. Paran ranplasan an kapab reprezante timoun lan nan tout zafè ki gen rapò ak idantifikasyon, evalyasyon, ak plasman edikasyon timoun nan e founiti FAPE pou timoun nan. Ajans piblik la dwe fè ase efò pou asire yo asiyen paran ranplasan an pa plis pase 30 jou apre yon ajans piblik deside timoun nan bezwen yon paran ranplasan.

### B. Kisa Avi Alekri Alavans Ye? (34 CFR §300.503)

SEKSYON SA EKSPLIKE KISA, KI JAN, AK KILÈ YON LEA DWE FÈ OU KONNEN AKSYON LI PWOPRIYE PRAN OSWA LI REFIZE PRAN.

#### 1. Kilè Avi Obligatwa

Ajans edikasyon lokal ou an (LEA) - antite ki responsab pou bay timoun ou an yon edikasyon piblik gratis apwopriye – dwe avèti w alekri chak fwa li:

- a. Gen entansyon kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman timoun ou an pou edikasyon, oswa bay timoun ou yon edikasyon piblik gratis apwopriye (FAPE); **oubyen**
- b. Refize kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon oubyen plasman timoun ou pou edikasyon, oswa pou bay timoun ou FAPE.
- c. Chanjman plasman pou rezon disiplinè.
- d. LEA kòmanse yon odyans pou jistis ekitab, oswa yon odyans rapid jistis ekitab.
- e. Refi LEA pou aksepte yon evalyasyon endepandan pou edikasyon (IEE) sou kont depans piblik.
- f. Paran yo anile konsantman pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li.

Nan Pennsilvani, yo bay avi alekri alavans la pa lentèmedyè yon Fòm LEA pou Avi Alekri Alavans/Avi sou Plasman yo Rekòmande pou Edikasyon. Yo dwe ba ou avi rezonab pou sa yo pwopriye oswa sa yo refize a, konsa si ou pa dakò avèk LEA a, ou ka pran aksyon apwopriye. Avi rezonab vle di dis jou.

## 2. Kisa ki nan avi a

### Avi alekri alavans la dwe:

1. Dekri aksyon LEA pwopoze a oswa refize pran an;
2. Dekri aksyon paran yo pou anilasyon edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo;
3. Eksplike poukisa LEA ap pwopoze oswa refize pran aksyon an;
4. Dekri chak pwosedi evalyasyon, egzamen, dosye oswa rapò LEA ou an te itilize nan desizyon pou pwopoze oswa pou refize aksyon an;
5. Mete yon deklarasyon ki di ou gen pwoteksyon dapre sa ki prevwa nan garanti pwosedi yo nan Pati B IDEA a;
6. Di kijan ou kapab jwenn yon deskripsyon garanti pwosedi yo si aksyon LEA ou an pwopoze oswa refize a se pa yon premye referans pou evalyasyon;
7. Mete resous pou ou pou w kontakte pou jwenn èd pou konprann Pati B IDEA a;
8. Dekri nenpòt lòt chwa Ekip IEP timoun ou an te anvizaje ak rezon ki fè yo te rejte chwa sa yo; **epi**
9. Bay yon deskripsyon lòt rezon ki fè LEA ou an te pwopoze oswa te refize aksyon an.

## 3. Avi a dwe bay nan yon lang ou ka konprann

### a. Avi a dwe:

- 1) Ekri nan lang piblik la an jeneral ka konprann; **epi**
- 2) Bay nan lang natif natal ou oswa lòt metòd kominikasyon ou itilize, sòf si li klè li pa posib pou yo fè sa.
- 3) Si lang natif natal ou oswa lòt metòd kominikasyon ou se pa yon lang ekri, LEA ou an dwe asire ke:
  - a) Avi a tradui pou ou nan lang natif natal ou aloral oswa pa lòt mwayen oubyen lòt metòd kominikasyon;
  - b) Ou konprann sa ki nan avi a; **epi**
  - c) Gen prèv alekri ki di yo te respekte pwen 1 ak 2.

## C. Kisa Lang Natif Natal Ye? (34 CFR §300.29)

1. Lè yo pale de lang natif natal pou yon moun ki gen Konpetans limite nan lang Angle, sa vle di bagay sa yo:
  - a. Lang moun sa itilize nòmalman, oswa, nan ka yon timoun, lang paran timoun lan itilize nòmalman;
  - b. Nan tout kontak dirèk ak yon timoun (ankontan evalyasyon yon timoun), lang timoun nan itilize nòmalman nan kay li oswa nan anviwònman aprantisaj li.  
Pou yon moun ki soud oswa ki avèg, oswa pou yon moun ki pa sèvi ak lang ki ekri, mwayen pou kominike a se sa moun lan itilize nòmalman (tankou lang siy, Braille, oswa kominikasyon oral).

## D. Avi Pa Kourye Elektwonik (34 CFR §300.505)

Si LEA ou an bay paran chwa pou yo resevwa dokiman yo nan imèl, ou kapab chwazi resevwa dokiman sa yo nan imèl:

1. Avi alekri alavans;
2. Avi sou garanti pwosedi; **ak**
3. Avi anrapò ak yon plent pou jistis ekitab.

## E. Kisa Konsantman Paran Ye? (34 CFR §300.9)

SEKSYON SA A EKSPLIKE KISA KI KONSANTMAN PARAN APRE ENFÒMASYON, AK KILÈ OU DWE BAY LI, DEKWA POU YON LEA KA AJI NAN FASON LI PWOPOZE NAN AVI A.

### 1. Kisa Konsantman Paran ye?

Konsantman vle di:

- a. Ou te byen resevwa nèt, nan lang natif natal ou oswa pa lòt mwayen ou sèvi pou w kominike (tankou lang siy, Braille, oswa kominikasyon oral, tout enfòmasyon osijè aksyon y ap chèche konsantman w pou li a;
- b. Ou konprann epi ou bay akò w alekri pou desizyon sa a, epi konsantman an dekri desizyon an e li bay lis tout dosye (si gen dosye) ki pral mete deyò e ba kiyès; **epi**
- c. Ou konprann konsantman an pa anile (defèt) yon aksyon ki te fèt apre ou te bay konsantman ou ak anvan ou retire konsantman ou.

### 2. Èske Paran an Kapab Anile Konsantman an?

- a. Wi. Ou dwe soumèt ba anplwaye LEA dokiman alekri ki anile konsantman ou pou edikasyon epesyal ak sèvis ki gen rapò ak li;
- b. Lè ou anile konsantman pou edikasyon epesyal ak sèvis ki gen rapò ak li, LEA a dwe ba w Avi Alekri Alavans;
- c. Edikasyon epesyal ak sèvis ki gen rapò ak li pa kapab sispann jiskaske LEA a ba w Avi Alekri Alavans;
- d. Avi alavans defini antan dis jou sivil;
- e. Anplwaye LEA pa ka sèvi ak medyasyon oswa jistis ekitab pou pase sou tèt anilasyon konsantman ou;
- f. Yo pa pral konsidere LEA a vyole egzijans pou mete FAPE aladispozisyon timoun nan akòz li pa bay timoun nan plis edikasyon epesyal ak sèvis ki gen rapò ak li;
- g. LEA a pa oblije chanje dosye edikasyon timoun nan pou retire kote ki di ladan li ke timoun ou an resevwa edikasyon epesyal ak sèvis an rapò ak edikasyon epesyal paske ou anile konsantman ou.
- h. LEA a pa oblije konvoke yon reyinyon ekip IEP oswa devlope yon IEP pou timoun ou a pou li ka jwenn plis edikasyon epesyal ak sèvis asosye yo.

## F. Kilè Konsantman Paran Nesesè?

### 1. Premye Evalyasyon yo (34 CFR §300.300)

- a. Règ Jeneral: Konsantman pou premye evalyasyon  
LEA ou an pa ka fè yon premye evalyasyon pou timoun ou pou wè si timoun lan kalifye dapre Pati B IDEA a pou li resevwa edikasyon espesyal ak lòt sèvis anrapò ak edikasyon espesyal si LEA a pa ba w yon avi alekri alavans sou desizyon yo ofri a ni si li pa jwenn konsantman w jan sa dekri nan tit anlè a **Konsantman Paran**.

Pou LEA a fè yon premye evalyasyon pou decide si timoun ou an se yon timoun ki gen andikap, LEA a dwe fè tout efò rezonab pou jwenn konsantman w apre ou fin gen enfòmasyon. Konsantman ou te bay pou yon premye evalyasyon pa vle di ou tou bay konsantman w pou LEA a kòmanse bay timoun ou an edikasyon espesyal ak lòt sèvis anrapò ak edikasyon espesyal. Si timoun ou an enskri nan lekòl piblik oswa w ap chèche enskri timoun ou nan yon lekòl piblik epi ou te refize bay konsantman w osinon ou pa te reponn demann ou resevwa pou bay konsantman pou yon premye evalyasyon, LEA ou an kapab, men li pa oblije, chèche fè yon premye evalyasyon pou timoun ou pa mwayen itilizasyon medyasyon oswa plent pou mande yon pwosedi jis, reyinyon pou jwenn yon solisyon, ak pwosedi odyans pou jistis ekitab san patipri. LEA a pa vyole obligasyon li gen pou chèche ki kote timoun lan ye, idantifye e evalye timoun lan si li pa fè yon evalyasyon pou timoun ou an nan sikonstans sa yo.

- b. Règleman espesyal pou premye evalyasyon Timoun ki sou lagad Eta a  
Dapre lwa Pennsilvani, si yo dezilyen yon timoun sou lagad legal Eta a, yo pa konnen kote paran an ye, oswa yo te anile dwa paran an annakò ak lwa Eta a. Pakonsekan yo te dezilyen yon lòt moun alapas paran an pou pran desizyon sou edikasyon pou timoun nan. Pakonsekan, yo dwe jwenn konsantman pou yon premye evalyasyon nan men moun sa ki dezilyen an.

**Sou lagad Eta a**, jan yo itilize li nan IDEA a, gen ladan de lòt kategori, dekwa pou mete ladan yon timoun ki:

1. Yon timoun akèy ki pa gen yon paran akèy;
2. Konsidere kòm sou lagad Eta a dapre lwa Eta a; **oswa**
3. Sou lagad yon ajans piblik byennèt pou timoun.

## 2. **Konsantman pou Premye Plasman nan Edikasyon Espesyal (34 CFR §300.300) Konsantman paran pou sèvis yo**

LEA ou an dwe jwenn konsantman apre w fin gen tout enfòmasyon anvan li bay timoun ou an edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal pou premye fwa. LEA a dwe fè efò rezonab pou jwenn konsantman w apre ou fin gen enfòmasyon anvan li bay timoun ou an edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal pou premye fwa.

**Si w pa reponn yon demann yo voye ba w pou jwenn konsantman w pou timoun ou resevwa edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal pou premye fwa, oswa si w refize bay konsantman sa, LEA a kapab pa itilize garanti pwosedi (sa vle di medyasyon, plent pou jistis ekitab, reyinyon rezolisyon, oswa yon odyans pou jistis ekitab san patipri) nan bi pou li jwenn akò pa w oubyen yon desizyon lalwa ki di yo ka bay timoun lan edikasyon espesyal la ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal ke Ekip IEP timoun ou an rekòmande san konsantman pa w.**

Si w refize bay konsantman w pou timoun ou kòmanse resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki anrapò ak edikasyon espesyal, oswa si w pa reponn yon demann yo voye ba w pou jwenn konsantman w epi LEA a pa bay timoun ou an edikasyon espesyal la ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal ke li t ap chèche jwenn konsantman w pou yo a, LEA a:

1. Pa vyole obligasyon li gen pou li mete FAPE aladispozisyon timoun ou an poutèt li pa bay timoun ou an sèvis sa yo; **epi**
2. Li pa oblije fè yon reyinyon IEP oswa prepare yon IEP pou timoun ou an pou edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal yo te mande konsantman w pou yo a.

## 3. **Konsantman pou Re-evalyasyon yo (34 CFR §300.300)**

Anvan li refè evalyasyon timoun ou an, LEA a dwe jwenn konsantman w apre w fin gen enfòmasyon, sòf si LEA ou an ka demontre:

1. Li te fè tout sa l kapab pou jwenn konsantman w pou yo refè evalyasyon timoun ou an; **epi**
2. Ou pa te bay repons.

## 4. **Kisa Dokimantasyon Efò Rezonab pou Jwenn Konsantman Paran ye? (34 CFR §300.300)**

LEA ou an dwe konsève dokiman pou montre efò rezonab yo te fè pou jwenn konsantman paran pou premye evalyasyon ak pou refè evalyasyon, pou bay edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal pou premye fwa, ak efò pou jwenn ki kote paran timoun yo ki sou lagad Eta a ye pou premye evalyasyon yo. Dokiman yo dwe gen ladan rapò tantativ LEA a fè nan domèn sa yo, tankou:

1. Rapò detaye sou koutfil yo te fè oswa yo te eseye fè ak rezilta apèl sa yo;
2. Kopi lèt yo te voye ba paran yo ak kèlkanswa repons yo te resevwa; **ak**
3. Rapò detaye sou vizit yo te fè kay paran an oswa kote paran an ap travay ak rezilta vizit sa yo.

**5. Kilè Konsantman Pa Obligatwa Anrapò ak Evalyasyon? Konsantman w pa obligatwa pou LEA ou an kapab:**

1. Egzaminen done ki la deja nan kad premye evalyasyon oswa yon evalyasyon yo te refè pou timoun ou an; **oubyen**
2. Bay timoun ou an yon egzamen oswa lòt evalyasyon yo bay tout lòt timoun yo, sòf si anvan egzamen oswa evalyasyon sa, yon konsantman paran tout timoun obligatwa.

**6. E Si Mwen Refize bay Konsantman pou Re-evalyasyon?**

Si w refize bay konsantman w pou yo refè evalyasyon timoun ou an, LEA a pa oblije fè sa, men li ka chèche refè evalyasyon timoun lan pa mwayen itilizasyon medyasyon, plent pou jistis ekitab, reyinyon rezolisyon ak pwosedi odyans pou jistis ekitab san patipri pou li chèche pase sou tèt refi konsantman w pou yo refè evalyasyon timoun ou an. Tankou pou premye evalyasyon yo, LEA a pa vyole obligasyon li gen dapre Pati B IDEA a si li refize chèche sèvi ak mwayen sa yo pou refè evalyasyon an.

Menmsi ou refize bay konsantman w pou yon sèvis oswa yon aktivite, LEA a pa kapab sèvi ak sa pou li refize oumenm oswa timoun ou an kèlkanswa lòt sèvis, benefis oubyen aktivite.

Si w mete timoun ou nan yon lekòl prive sou pwòp frè pa w oswa si w fè lekòl pou timoun ou lakay ou, epi ou pa bay konsantman w pou yo fè premye evalyasyon oswa refè evalyasyon pou timoun ou an, osinon ou pa reponn yon demann yo voye ba w pou jwenn konsantman w, LEA a gendwa pa sèvi ak pwosedi li genyen pou pase sou tèt konsantman (sa vle di medyasyon, plent pou mande yon pwosedi jis, reyinyon pou jwenn yon solisyon, oubyen yon odyans pou jistis ekitab san patipri) e li pa oblije konsidere timoun ou an kalifye pou resevwa sèvis edikasyon san patipri yo (sèvis yo mete disponib pou timoun ki gen andikap ke paran plase nan lekòl prive).

**7. E Si Mwen Dakò Avèk Yon Evalyasyon?**

**a. Evalyasyon endepandan sou Edikasyon (34 CFR §300.502)**

**1) Jeneral**

Jan sa dekri anba la a, ou gen dwa pou w jwenn yon evalyasyon endepandan sou edikasyon (Independent Educational Evaluation) (IEE) pou timoun ou si w pa dakò ak evalyasyon LEA ou an te jwenn pou timoun ou an. Si w mande yon IEE, LEA a dwe ba w enfòmasyon sou kote ou kapab jwenn yon IEE ak kritè LEA a ki aplike pou IEE yo.

**2) Definisyon yo**

- a) **Evalyasyon endepandan sou edikasyon** vle di yon evalyasyon yon moun kalifye fè, epi ki pa anplwaye nan LEA ki responsab edikasyon timoun ou an.
- b) **Depans piblik** vle di oubyen LEA a peye tout frè evalyasyon an oswa li asire evalyasyon an fèt yon lòt jan san w pa depanse, konfòmman ak dispozisyon Pati B IDEA a, ki pèmèt tout Eta itilize kèlkanswa sous sipò lokal, federal, prive oswa nan Eta a ki disponib dekwa pou obligasyon Pati B IDEA a respekte.

**3) Dwa paran genyen pou evalyasyon sou kont depans piblik**

Ou gen yon dwa pou w jwenn yon IEE pou timoun ou sou kont depans piblik si w pa dakò ak yon evalyasyon timoun ou LEA ou an te jwenn, anba kondisyon sa yo:

- a) Si w mande yon IEE pou timoun ou sou kont depans piblik, LEA ou an dwe san reta ki pa nesèsè, swa: (a) Depoze yon plent pou jistis ekitab pou mande yon odyans pou montre evalyasyon li te fè pou timoun ou an reponn a bezwen li; oswa (b) Bay yon IEE sou kont depans piblik, sòf si LEA a demontre nan yon odyans ke evalyasyon ou te jwenn pou timoun ou an pa ranpli kritè LEA a.



- b) Si LEA a mande yon odyans epi desizyon final la di evalyasyon LEA ou an te fè pou timoun lan reponn a bezwen timoun ou an, ou gen dwa toujou pou w jwenn yon IEE, men se pa sou kont depans piblik.
- c) Si w mande yon IEE pou timoun ou, LEA a gen dwa mande poukisa ou kont evalyasyon LEA a te fè pou timoun lan. Men, LEA a pa kapab egzije yon eksplikasyon e li pa kapab san rezon pran reta pou li, swa fè w jwenn IEE a pou timoun ou an sou kont depans piblik, oswa depoze yon plent pou jistis ekitab pou mande yon odyans pou jistis ekitab pou defann evalyasyon LEA a te fè pou timoun ou an.
- d) Nòmalman, ou gen dwa pou yon sèl IEE pou timoun ou sou kont depans piblik chak fwa LEA ou an fè yon evalyasyon pou timoun ou, epi ou pa dakò avè l.
- e) Kritè LEA  
Si yon IEE fèt sou kont depans piblik, kritè ki sèvi pou evalyasyon an, ansanm ak kote evalyasyon an ap fèt ak kalifikasyon moun k ap fè evalyasyon an, tout sa yo dwe menm ak kritè LEA a itilize lè li decide fè yon evalyasyon (depi kritè sa yo annakò ak dwa ou genyen pou yon IEE).  
Aleksepsyon kritè ki dekri anwo la a, yon LEA pa kapab enpoze kondisyon oswa delè pou jwenn yon IEE sou kont depans piblik.

**b. Evalyasyon paran pran desizyon fè**

Si w jwenn yon IEE pou timoun ou sou kont depans piblik oswa ou pataje ak LEA a yon evalyasyon timoun ou ke ou te jwenn nan depans prive:

- 1) Si li ranpli kritè LEA a pou IEE, LEA a dwe konsidere rezilta evalyasyon timoun ou an nan kenenpòt desizyon ki pran konfòmman ak dispozisyon FAPE pou timoun ou an; **epi**
- 2) Oumenm oswa LEA ou an, nou kapab prezante evalyasyon an kòm prèv nan yon odyans pou jistis ekitab konsènan timoun ou an.

**c. Evalyasyon fonksyonè odyans mande pou yo fè**

Si yon fonksyonè odyans san patipri mande yon IEE pou timoun ou nan kad yon odyans pou jistis ekitab, frè evalyasyon an dwe sou kont depans piblik.

**G. Konsantman Pou Devwale Enfòmasyon Ki Ka Pèmèt Idantifye Moun Pèsonèlman (34 CFR §300.622)**

Yo dwe jwenn konsantman pa w anvan yo devwale enfòmasyon ki idantifye moun pèsonèlman ba lòt pati ki pa fonksyonè ajans ki patisipe yo, amwenske enfòmasyon an anndan dosye edikasyon yo, e dapre FERPA devwalman an otorize san yo pa bezwen konsantman paran. Eksepte nan sikonstans ki presize anba la a, konsantman w pa obligatwa anvan yo devwale enfòmasyon ki idantifye moun pèsonèlman ba fonksyonè ajans ki patisipe yo nan bi pou yo ranpli yon kondisyon Pati B IDEA a.

Yo dwe jwenn konsantman pa w oswa konsantman yon timoun ki kalifye ki rive nan laj majorite dapre lwa Eta a, anvan yo devwale enfòmasyon ki idantifye moun pèsonèlman ba fonksyonè ajans ki patisipe k ap bay sèvis tranzisyon yo oswa k ap peye pou yo.

Si timoun ou an nan yon lekòl prive oswa li pral nan yon lekòl prive ki pa nan menm LEA w abite ladan an, yo dwe jwenn konsantman pa w anvan yo devwale kenenpòt enfòmasyon sou timoun ou ki idantifye l pèsonèlman ant fonksyonè nan LEA kote lekòl prive a ye a ak fonksyonè nan LEA kote w abite a.

## II. ENFÒMASYON KONFIDANSYALITE

Kimoun Ki Gen Aksè Nan Enfòmasyon Konfidansyèl Anrapò Ak Timoun Mwen? (34 CFR §300.611)

### A. Definisyon yo

1. Definisyon annapre la yo aplike anrapò ak konfidansyalite enfòmasyon:
  - a. **Destriksyon** vle di detwi fizikman oswa retire bagay ki pèmèt idantifye yon moun pèsònèlman nan enfòmasyon yo dekwa pou enfòmasyon an pa pèmèt idantifye moun lan ankò.
  - b. **Dosye Edikasyon** vle di kalite dosye ki site nan definisyon “dosye edukasyon” nan 34 CFR Pati 99 (règleman ki mete ann aplikasyon Lwa 1974 sou Dwa Fanmi pou Edikasyon ak Vi prive (Family Educational Rights and Privacy Act), 20 U.S.C. 1232g (FERPA)).
  - c. **Ajans ki patisipe** vle di tout LEA, ajans oswa enstitisyon ki ranmase, konsève, oubyen sèvi avèk enfòmasyon ki ka pèmèt idantifye yon moun pèsònèlman oubyen ki bay enfòmasyon sa yo konfòmman ak Pati B IDEA a.

### B. Pèmèt idantifye yon moun pèsònèlman (34 CFR §300.32) vle di enfòmasyon ki gen ladan:

- 1) Non timoun ou an, non pa w kòm paran, oswa non yon lòt manm nan fanmi an;
- 2) Adrès timoun ou an;
- 3) Yon idantifyan pèsònèl, tankou nimewo sekirite sosyal timoun ou an oswa nimewo elèv li; **oubyen**
- 4) Yon lis karakteristik pèsònèl oubyen lòt enfòmasyon ki ta ka pèmèt idantifye timoun ou an avèk yon sètitud rezonab.

### C. Dwa Aksè (34 CFR §300.613)

#### a. Aksè Paran

LEA a dwe otorize w enspekte ak gade nenpòt ki dosye edukasyon konsènan timoun ou ke LEA a ranmase, konsève oswa itilize dapre Pati B IDEA a. Ajans ki patisipe a dwe egzekite demann ou fè pou w enspekte ak gade tout dosye edukasyon sou timoun ou san li pa pran reta ki pa nesèsè ansanm ak anvan nenpòt reyinyon konsènan yon IEP, oswa kenenpòt odyans pou jistis ekkitab san patipri (yon reyinyon rezolisyon oubyen yon odyans pou disiplin ladan tou), e nan okenn ka sa pa dwe pran plis pase 45 jou sivil apre ou te fè yon demann.

- 1) Nan dwa w pou w enspekte ak gade dosye edukasyon yo, gen ladan:
- 2) Dwa a yon repons ajans ki patisipe a dwe ba w pou demann rezonab ou fè pou eksplikasyon ak entèpretasyon dosye yo;
- 3) Dwa w pou mande ajans ki patisipe a ba w kopi dosye yo si w pa kapab enspekte ak gade dosye yo reyèlman si w pa resevwa kopi sa yo; **ak**
- 4) Dwa pou w fè reprezantan pa w enspekte ak gade dosye yo.
  - a) Ajans ki patisipe a gen dwa sipoze ou gen dwa pou w enspekte ak gade dosye anrapò ak timoun ou amwenske yo te avèti l ke ou pa gen dwa sa a, dapre lwa aplikab Eta a ki okipe afè sa yo tankou lagad legal, oswa separasyon ak divòs.
  - b) Si yon **dosye edukasyon gen ladan enfòmasyon sou plis pase yon timoun**, paran timoun sa yo gen dwa enspekte ak gade sèlman enfòmasyon ki anrapò ak timoun pa yo oswa resevwa enfòmasyon sa a espesyalman.
  - c) Depi w mande sa, tout ajans ki patisipe dwe ba w **lis kalite dosye edukasyon ak anplasman dosye edukasyon** ajans lan te ranmase, konsève oswa itilize.

**b. Lòt Aksè Otorize (34 CFR §300.614)**

Tout ajans ki patisipe dwe konsève yon rapò pou tout moun ki te jwenn aksè nan dosye edikasyon yo te ranmase, konsève oswa itilize dapre Pati B IDEA a (eksepte aksè paran oswa anplwaye otorize ajans ki patisipe a), e ladan ap genyen non moun lan, dat li te jwenn aksè, ak nan ki bi yo te otorize l sèvi ak dosye yo.

**D. Frè**

Chak ajans ki patisipe kapab chaje yon frè pou kopi dosye (34 CFR §300.617) ke yo fè pou ou dapre Pati B IDEA a, si frè yo pa an reyaltite anpeche w egzèse dwa ou genyen pou w enspekte ak gade dosye sa yo.

Yon ajans ki patisipe pa kapab chaje yon frè pou chèche oswa pou jwenn enfòmasyon yo dapre Pati B IDEA a.

**E. Amanman dosye sou demann paran (34 CFR §300.618)**

Si w kwè enfòmasyon ki nan dosye edikasyon sou timoun ou ke yo te ranmase, konsève oswa itilize dapre Pati B IDEA a pa kòrèk, yo bay manti, oswa yo vyole vi prive oubyen lòt dwa timoun ou, ou kapab mande ajans k ap patisipe ki konsève enfòmasyon yo pou li chanje enfòmasyon an.

Ajans ki patisipe a dwe deside si l ap chanje enfòmasyon an annakò ak demann ou an, nan yon delè rezonab apre li fin resevwa demann ou an.

Si ajans ki patisipe a refize chanje enfòmasyon an konfòmman ak demann ou an, li dwe enfòme w sou refi sa a e avèti w sou dwa ou genyen pou yon odyans pou afè sa a.

**F. Opòtinite pou yon Odyans pou Dosye (34 CFR §300.619)**

Si w mande sa, LEA a dwe ba w okazyon pou yon odyans pou w konteste enfòmasyon ki nan dosye edikasyon konsènan timoun ou pou w asire ke yo kòrèk, yo pa bay manti, oswa yo pa vyole vi prive oswa lòt dwa timoun ou nan yon lòt jan.

**a. Pwosedi pou Odyans (34 CFR §300.621)**

Yon odyans pou konteste enfòmasyon ki nan dosye edikasyon dwe fèt suivan pwosedi annapre la yo pou kalite odyans sa yo dapre Lwa 1974 sou Dwa Fanmi pou Edikasyon ak Vi prive (Family Educational Rights and Privacy Act), 20 U.S.C. Seksyon 1233g (FERPA):

- 1) Ajans oswa enstitisyon edikasyon an dwe fè odyans lan nan yon tan rezonab apre li te resevwa demann pou odyans lan nan men paran an oswa elèv ki kalifye a.
- 2) Ajans oswa enstitisyon edikasyon an dwe bay paran an oswa elèv ki kalifye a avi pou dat, lè, ak anplasman, nan fason rezonab anvan odyans lan.
- 3) Nenpòt moun, ankontan yon fonksyonè ajans oswa enstitisyon edikasyon an ki pa gen yon enterè dirèk nan rezilta odyans lan kapab fè odyans lan.
- 4) Ajans oswa enstitisyon edikasyon an dwe bay paran an oswa elèv ki kalifye a yon opòtinite konplè ak san patipri pou prezante prèv pou konteste kontni dosye edikasyon elèv la avèk motif ke enfòmasyon ki nan dosye edikasyon yo pa kòrèk, yo bay manti, oswa yo vyole dwa vi prive elèv la. Paran an oswa elèv ki kalifye a kapab, avèk pwòp frè pa li, jwenn asistans oswa reprezantasyon yonn oswa plizyè moun li chwazi poukont li, ankontan yon avoka.

- 5) Ajans oswa enstitisyon edikasyon an dwe pran desizyon li alekri nan yon peryòd tan rezonab apre odyans lan.
- 6) Desizyon an dwe baze sèlman sou prèv ki prezante nan odyans lan, epi li dwe gen ladan yon rezime prèv la ak rezon yo pou desizyon an.

**b. Rezilta Odyans (34 CFR §300.620)**

Si, nan rezilta odyans lan, ajans ki patisipe a decide ke enfòmasyon an pa kòrèk, li bay manti oswa nan yon lòt sans li vyole vi prive oswa lòt dwa timoun lan, li dwe chanje enfòmasyon an kòm sadwa epi avèti w alekri. Si, nan rezilta odyans la, ajans ki patisipe a decide ke enfòmasyon an kòrèk, li pa bay manti oswa nan yon lòt sans li pa vyole vi prive oswa lòt dwa timoun ou an, ou gendwa mete nan dosye ke li konsève sou timoun ou yon deklarasyon ki fè kòmmanchè sou enfòmasyon an oswa ki bay tout rezon ki fè ou pa dakò ak desizyon ajans ki patisipe a.

Yon enfòmasyon konsa ki nan dosye timoun ou an:

1. Ajans ki patisipe a dwe konsève l kòm yon pati dosye timoun ou an toutotan ajans ki patisipe a konsève dosye a oswa pòsyon ki konteste a; **epi**
2. Si ajans ki patisipe a devwale dosye timoun ou an oswa pòsyon ki konteste a ba kenenpòt lòt moun, li dwe devwale eksplikasyon an tou ba lòt moun lan.

**c. Garanti (34 CFR §300.623)**

**Tout ajans ki patisipe dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman nan etap ranmase, estoke, devwale ak detwi enfòmasyon sa yo.**

Yon fonksyonè nan chak ajans ki patisipe dwe genyen kòm responsablite pou li asire konfidansyalite tout enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman.

Tout moun k ap kolekte oswa k ap itilize enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman dwe resevwa fòmasyon ak enstriksyon konsènan règleman ak pwosedi Eta ou an konsènan konfidansyalite dapre Pati B IDEA ak FERPA.

Tout ajans ki patisipe dwe konsève, pou enspeksyon piblik, yon lis ajou sou non ak fonksyon anplwaye ki nan ajans lan ki gen aksè nan enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman.

**d. Destriksyon Enfòmasyon (34 CFR §300.624)**

**LEA ou an dwe enfòme w lè enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman ke yo te kolekte, konsève oswa itilize, pa nesèsè ankò pou founi sèvis edikasyon espesyal ba timoun ou, epi yo dwe detwi enfòmasyon yo si w mande sa.**

Men, yo kapab konsève san limit yon dosye pèmanan sou non timoun ou, adrès, ak nimewo telefòn, nòt li fè, dosye prezans, kou li suiv, klas li fin fè, ak ane li fini.

### **III. PWOSEDI POU PLENT NAN ETA A (34 CFR §§300.151-153)**

#### **A. Diferans Ant Pwosedi Pou Plent Pou Odyans Pou Jistis Ekitab Ak Plent Nan Eta A**

Règleman pou Pati B IDEA a prezante pwosedi apa pou plent nan Eta a ak pou plent pou jistis ekitab ak odyans. Jan li eksplike anba la a, nenpòt moun oswa òganizasyon kapab depoze yon plent nan Eta a pou deklare vyolasyon kenepòt egzijans Pati B a ke yon LEA, Ajans Edikasyon Eta a, oswa yon lòt ajans piblik komèt. Se sèl oumenm oswa yon LEA ki ka depoze yon plent pou jistis ekitab pou yon afè anrapò ak desizyon oubyen refi pou tanmen oswa chanje idantifikasyon evalyasyon oubyen plasman edikasyonèl yon timoun ki gen andikap, oswa anrapò ak bay timoun lan FAPE. Alòske anplwaye Ajans Edikasyon Eta a anjeneral dwe rezoud yon plent Eta nan yon delè 60 jou sivil, sof si delè a pwolonje kòm sadwa, yon fonksyonè odyans pou jistis ekitab san patipri dwe tande yon plent pou jistis ekitab (si li pa te rezoud pa lentèmedyè yon reyinyon rezolisyon oswa nan medyasyon) epi remèt yon desizyon alekri anvan 45 jou sivil fin pase apre fen peryòd rezolisyon an, jan li dekri nan dokiman sa a nan tit Pwosedi Rezolisyon an sòf si fonksyonè odyans lan akòde yon ekstansyon espesyal delè a, si ou mande sa oswa LEA a mande sa. Pwosedi plent Eta a oswa plent pou jistis ekitab, rezolisyon ak odyans dekri pi konplètman anba la a.

## **B. Kijan Mwen Ka Depoze Yon Plent Eta? (34 CFR §300.153)**

Yon òganizasyon oswa yon moun gen dwa siyen e depoze yon plent Eta alekri. Plent Eta a dwe gen ladan:

1. Yon deklarasyon ki di yon LEA oswa yon lòt AJANS piblik te vyole egzijans Pati B IDEA a osinon règleman li yo;
2. Enfòmasyon deklarasyon an baze sou yo a;
3. Siyati ak enfòmasyon pou kontakte pleyan an; epi
4. Si akizasyon vyolasyon yo konsènen yon timoun presizeman, non timoun lan ak adrès kote timoun lan abite;
5. Non lekòl timoun lan ladan an;
6. Nan ka yon timoun oswa yon jenn moun ki sanzabri, enfòmasyon ki disponib pou kontakte timoun lan, ak non lekòl timoun lan ladan an;
7. Yon deskripsyon sou nati pwoblèm timoun lan, ansanm ak bagay ki gen rapò ak pwoblèm lan; **ak**
8. Yon solisyon ki pwopoze pou pwoblèm lan nan mezi sa pati ki depoze plent lan konnen e ki disponib pou li nan moman plent lan depoze a.

Plent lan dwe deklare yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase ennan anvan dat plent lan resevwa jan li dekri nan tit **Adopsyon Pwosedi Plent Eta**.

Pati ki depoze plent Eta a dwe voye yon kopi plent lan ba LEA a oswa lòt ajans piblik ki bay timoun lan sèvis la nan menm moman l ap depoze plent lan nan Ajans Edikasyon Eta a.

Ou dwe voye plent yo nan:

Chief, Division of Compliance, Monitoring and Planning  
Bureau of Special Education  
Pennsylvania Department of  
Education 333 Market Street, 7<sup>th</sup> Floor  
Harrisburg, PA 17126-0333

a. Pwosedi yo

### **1) Delè 60 jou sivil apre yon plent depoze pou:**

1. Yon ankèt endepandan fèt sou plas, si Ajans Edikasyon Eta a jwenn ankèt la nesèsè;

2. Bay pleyan an okazyon pou li bay enfòmasyon anplis, swa aloral oubyen alekri, sou sa li pretann nan plent lan;
3. Bay LEA a oswa lòt ajans piblik okazyon pou yo reponn plent lan, ankontan, **ominimòm**: (a) si ajans lan chwazi fè sa, yon pwopozisyon pou rezoud plent lan; ak (b) yon okazyon pou yon paran ki te depoze yon plent ansanm ak ajans lan aksepte volontèman antre nan medyasyon
4. Repase tout enfòmasyon enpòtan e pran yon desizyon endepandan asavwa si LEA a oswa yon lòt ajans piblik vyole yon egzijans Pati B IDEA a; epi
5. Bay pleyan an yon desizyon alekri ki abòde tout sa li te pretann nan plent lan e ki gen ladan: (a) konstataasyon sa ki te pase a ak konklizyon yo; e (b) rezon desizyon final Ajans Edikasyon Eta a.

**2) Pwolonjman delè; desizyon final; mete ann aplikasyon**

- a) Yo ka akòde yon ekstansyon delè 60 jou sivil la sèlman si: (a) gen sikonstans eksepsyonèl ki egziste konsènan yon plent Eta espesyal; oswa (b) paran an ak LEA a oswa yon lòt ajans piblik ki konsènen dakò volontèman pwolonje delè pou rezoud afè a nan medyasyon oswa nan lòt mwayen rezolisyon konfli, si yo disponib nan Eta a.
- b) Desizyon final Ajans Edikasyon Eta a dwe gen ladan pwosedi efikas pou aplikasyon, si sa nesèsè, ankontan: (a) aktivite asistans teknik; (b) negosyasyon; ak (c) mezi koreksyon pou respekte desizyon an.

**3) Rekou pou lòt yo refize bay sèvis ki apwopriye**

Nan rezoud yon plent Eta, kote Ajans Edikasyon Eta a jwenn te gen mankman pou bay sèvis apwopriye, Ajans Edikasyon Eta a dwe okipe:

- a) Mankman ki te genyen pou bay sèvis ki apwopriye, ansanm ak desizyon apwopriye pou pote koreksyon pou satisfè bezwen timoun lan; epi
- b) Founi sèvis apwopriye alavni pou tout timoun ki gen andikap.

**4) Plent nan Eta ak odyans pou jistis ekitab**

Si gen yon plent Eta alekri ki depoze e li gen ladan tou matyè pou yon odyans pou jistis ekitab jan li dekri anba la a nan tit **Fason pou Depoze yon Plent pou Jistis Ekitab**, oswa plent Eta a gen ladan plizyè pwèn kote yonn oswa plizyè fè pati yon odyans konsa, Eta a dwe mete plent Eta a sou kote, oswa nenpòt pati nan plent Eta a k ap trete nan odyans jistis ekitab la jiskaske odyans la fini. Tout pati nan plent Eta a ki pa fè pati odyans pou jistis ekitab la dwe rezoud nan delè ak pwosedi ki dekri anwo la a. Si yon pwoblèm ki souleve nan yon plent Eta te jwenn desizyon deja nan yon odyans pou jistis ekitab ki angaje menm pati yo (oumenm ak LEA a), lèsa desizyon odyans pou jistis ekitab la enpoze sou pwoblèm sa a obligatwa epi Ajans Edikasyon Eta a dwe fè pleyan an konnen li oblije respekte desizyon an.

Ajans Edikasyon Eta a dwe rezoud yon plent ki pretann yon LEA oubyen yon lòt ajans piblik pa egzekite yon desizyon odyans pou jistis ekitab annakò ak pwosedi yo ki dekri anwo a.

## IV. PWOSEDI PLENT POU JISTIS EKITAB

### A. Kijan Mwen Ka Mande Yon Odyans Pou Jistis Ekitab?

#### 1. Fason pou Depoze yon Plent pou Jistis Ekitab (34 CFR §300.507) Jeneral

Oumenm oubyen LEA a ka depoze yon plent pou jistis ekitab pou yon afè anrapò ak desizyon oswa refi pou kòmanse oubyen chanje idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman edikasyonèl timoun ou, osinon anrapò ak bay timoun ou FAPE.

**Plent pou jistis ekitab la dwe deklare yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase dezan anvan dat oumenm oswa LEA a te okouran oubyen ta dwe okouran swadizan desizyon sa a ki fòme baz plent pou jistis ekitab la.**

Delè ki anwo la a pa aplike pou ou si li pa te posib pou w depoze yon plent pou jistis ekitab nan delè yo bay la paske:

1. LEA a te espesyalman bay fo enfòmasyon ke li te rezoud pwoblèm ki nan plent lan; oubyen
2. LEA a te kenbe enfòmasyon li gen obligasyon bay ou dapre Pati B IDEA a.

#### Enfòmasyon pou paran

LEA a dwe enfòme ou sou tout sèvis legal gratis oubyen bon mache, ak lòt sèvis enpòtan ki disponib nan zòn lan si w mande enfòmasyon an, **oswa** si oumenm oubyen LEA a depoze yon plent pou jistis ekitab.

### B. Kontni Plent Pou Jistis Ekitab (34 CFR §300.508)

#### 1. Jeneral

Pou mande yon odyans, oumenm oubyen LEA a (oswa avoka w oubyen avoka LEA a) dwe soumèt yon plent pou jistis ekitab ba lòt pati a. Plent sa a dwe gen ladan tout sa ki site anba la a e li dwe rete konfidansyèl. Nan menm moman oumenm oswa LEA a – selon kiyès ki te depoze plent lan – bay lòt pati a plent pou jistis ekitab la, nou dwe depoze yon kopi nan Biwo pou Rezolisyon Konfli (ODR, Office for Dispute Resolution).

#### 2. Kontni plent lan

**Plent pou jistis ekitab la dwe gen ladan:**

- a. Non timoun lan;
- b. Adrès kote timoun lan abite;
- c. Non lekòl timoun lan;
- d. Si timoun lan se yon timoun sanzabri, enfòmasyon pou kontakte timoun lan ak non lekòl timoun lan;
- e. Yon deskripsyon sou nati pwoblèm timoun lan ki di desizyon yo pran oswa refize a, ansanm ak bagay ki gen rapò ak pwoblèm lan; **ak**
- f. Yon solisyon ki pwopoze pou pwoblèm lan nan mezi sa oumenm oswa LEA a konnen e ki disponib pou nou nan moman an.

#### 3. Yon avi obligatwa anvan yon odyans pou yon plent pou jistis ekitab

Oumenm oswa LEA a pa ka gen yon odyans pou jistis ekitab jiskaske oumenm oswa LEA a (osinon avoka w oubyen avoka LEA a) depoze yon plent pou jistis ekitab ki gen ladan enfòmasyon ki site anwo la yo.

#### 4. Sifizans yon plent

**Pou yon odyans pou jistis ekitab fèt, plent lan dwe konsidere kòm sifizan. Plent pou jistis ekitab la ap konsidere kòm sifizan (li ranpli egzijans ki anwo la yo) sòf si pati ki resevwa plent pou jistis ekitab la (oumenm oswa LEA a) avèti fonksyonè odyans la ak lòt pati a alekri, anvan 15 jou sivil fin pase apre plent**

**lan resevwa, pou di l pati ki resevwa a kwè plent pou jistis ekitab la pa ranpli egzijans yo ki site anwo la a.**

Anvan senk jou sivil fin pase apre li resevwa notifikasyon ki di pati ki resevwa plent lan (oumenm oswa LEA a) konsidere yon plent pou jistis ekitab ensifizan, fonksyonè odyans san lan dwe decide si plent pou jistis ekitab la ranpli egzijans ki site anwo la yo, e avèti oumenm ak LEA a alekri tousuit.

#### **5. Amanman plent**

Oumenm oswa LEA a kapab fè chanjman nan plent lan sèlman si:

- a. Lòt pati a apwouve chanjman yo alekri e li gen okazyon pou rezoud plent pou jistis ekitab la pa lentèmedyè yon reyinyon rezolisyon, ki dekri anba la a; **oswa**
- b. Nenpòt ki lè, men pa pita pase senk jou anvan odyans pou jistis ekitab la kòmanse, fonksyonè odyans lan bay pèmisyon pou fè chanjman yo.

Si pati ki pote plent lan (oumenm oswa LEA a) fè chanjman nan plent pou jistis ekitab la, delè pou reyinyon rezolisyon an (anvan 15 jou sivil fin pase apre resepsyon plent lan) ak delè pou rezolisyon an (anvan 30 jou sivil fin pase apre resepsyon plent lan) kòmanse ankò nan dat plent ki amande a depoze a.

#### **6. Repons LEA a bay pou yon plent pou jistis ekitab**

Si LEA a pa te voye yon avi alekri alavans ba ou, jan li dekri nan tit **Avi Alekri Alavans** la, konsènan matyè ki nan plent pou jistis ekitab ou an, LEA a dwe, anvan 10 jou sivil fin pase apre resepsyon plent pou jistis ekitab la, voye yon repons ba ou ki gen ladan:

- a. Yon eksplikasyon sou rezon ki fè LEA a aksepte oswa refize pran desizyon ki souleve nan plent pou jistis ekitab la;
- b. Yon deskripsyon sou lòt chwa Ekip IEP timoun ou an te anvizaje, ak rezon ki fè yo te rejte chwa sa yo;
- c. Yon deskripsyon chak pwosede evalyasyon, egzamen, dosye oswa rapò LEA a itilize kòm baz pou aksepte oswa pou refize desizyon an; **ak**
- d. Yon deskripsyon lòt faktè ki gen rapò ak desizyon LEA a pran oswa refize pran an.

Lefèt ke li bay enfòmasyon ki nan pwen 1-4 anwo la a, sa pa anpeche LEA a di plent pou jistis ekitab ou an te ensifizan.

#### **7. Repons lòt pati pou yon plent pou jistis ekitab**

Eksepte jan li deklare nan soutit touswit anwo la a, **Repons LEA a bay pou yon plent pou jistis ekitab**, pati ki resevwa yon plent pou jistis ekitab dwe, anvan 10 jou sivil fin pase apre resepsyon plent lan, voye ba lòt pati a yon repons ki abòde pwoblèm yo ki nan plent lan espesyalman.

### **C. Pwosedi Rezolisyon (34 CFR §300.510)**

#### **1. Reyinyon rezolisyon**

**Anvan 15 jou sivil fin pase apre resepsyon avi plent pou jistis ekitab ou an, e anvan odyans pou jistis ekitab la kòmanse, LEA a dwe òganize yon reyinyon avèk oumenm e manm konpetan oswa manm Ekip IEP a ki gen konesans espesyal sou bagay ki idantifye nan plent pou jistis ekitab ou an. Reyinyon an:**

- a. Dwe genyen yon reprezantan LEA a ki gen otorite pou pran desizyon sou non LEA a; **epi**
- b. Pa dwe genyen yon avoka LEA a sòf si w gen yon avoka ki la avèk ou. Oumenm ansanm ak LEA a decide manm konpetan Ekip IEP ki pou nan reyinyon an. Bi



reyinyon an se pou ou diskite plent pou jistis ekitab ou an, ansanm ak rezon ki fòme baz plent lan, dekwa pou LEA a gen mwayen pou rezoud konfli a.

c. Reyinyon rezolisyon an pa nesèsè si:

- 1) Oumenm ak LEA a dakò alekri pou renonse pou gen reyinyon an; **oubyen**
- 2) Oumenm ak LEA a dakò sèvi ak pwosesis medyasyon an, jan li dekri nan tit **Medyasyon** an.

## 2. Peryòd Rezolisyon

**Si LEA a pa te rezoud plent pou jistis ekitab la nan gou w anvan 30 jou sivil fin pase apre resepsyon plent pou jistis ekitab la (pandan delè pwosedi rezolisyon an), ka a kapab ale nan odyans pou jistis ekitab.**

Delè 45 jou sivil la pou pran yon desizyon final, kòmanse lè peryòd rezolisyon 30 jou sivil la fini, avèk kèk eksepsyon pou modifikasyon ki fèt sou peryòd rezolisyon 30 jou sivil la, jan sa dekri anba la a.

Eksepte lè oumenm ak LEA a, nou toude dakò pou renonse a pwosedi rezolisyon an, oswa pou sèvi ak medyasyon, si w pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an, sa ap retade delè pou pwosesis rezolisyon an ak odyans pou jistis ekitab la jiskaske ou dakò patisipe nan yon reyinyon. Si apre li fè efò rezonab e li dokimante efò sa yo, LEA a pa kapab jwenn patisipasyon w nan reyinyon rezolisyon an, LEA a kapab, lè peryòd rezolisyon 30 jou sivil la fini, mande pou yon fonksyonè odyans anile plent pou jistis ekitab ou an.

Dokimantasyon efò sa yo dwe gen ladan rapò tantativ LEA a fè pou tabli yon lè ak yon kote nou toude dakò sou yo, tankou:

1. Rapò detaye sou koutfil yo te fè oswa yo te eseye fè ak rezilta apèl sa yo;
2. Kopi lèt yo te voye ba ou yo ak kèlkanswa repons yo te resevwa; ak
3. Rapò an detay sou vizit yo te fè lakay ou oswa kote w ap travay la, ak rezilta vizit sa yo.

Si LEA a pa òganize reyinyon rezolisyon an anvan 15 jou sivil fin pase apre resepsyon avi plent pou jistis ekitab ou an **oubyen** li pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an, ou kapab mande yon fonksyonè odyans pou li pase lòd ke delè 45 jou sivil pou odyans pou jistis ekitab la kòmanse.

## 3. Modifikasyon nan delè 30 jou sivil peryòd rezolisyon an

Si oumenm ansanm ak LEA a dakò alekri pou renonse a reyinyon rezolisyon an, lèsa delè 45 jou sivil pou odyans pou jistis ekitab la kòmanse nan jou annapre a.

Aprè kòmansman medyasyon oubyen reyinyon rezolisyon an, epi anvan fen peryòd rezolisyon 30 jou sivil la, si oumenm ak LEA a dakò alekri pa gen antant ki posib, lèsa delè 45 jou sivil pou odyans pou jistis ekitab la kòmanse nan jou annapre a.

Si oumenm ansanm ak LEA a dakò sèvi ak pwosesis medyasyon, nan fen peryòd rezolisyon 30 jou sivil la, toude pati yo kapab dakò alekri kontinye medyasyon an jiskaske yo rive nan yon antant. Men, si swa oumenm oubyen LEA a kite pwosesis medyasyon an, lèsa delè 45 jou sivil pou odyans pou jistis ekitab la kòmanse nan jou annapre a.

## 4. Akò règleman alekri

Si nou jwenn yon solisyon pou konfli a nan reyinyon rezolisyon an, oumenm ak LEA a dwe angaje nou nan yon akò ki lye nou legalman:

- a. Ki gen siyati pa w ak siyati yon reprezantan LEA a ki gen otorite pou angaje LEA; epi
- b. Peryòd pou revizyon akò – Si oumenm ak LEA a angaje nou nan yon akò kòm rezilta yon reyinyon rezolisyon, yonn oswa lòt nan pati yo (oumenm oubyen LEA a) kapab anile akò a anvan 3 jou ouvrab fin pase apre lè oumenm ansanm ak LEA a nou toude te siyen akò a.

## V. ODYANS PLENT POU JISTIS EKITAB

### A. Odyans Pou Jistis Ekitab San Patipri (34 CFR §300.511)

#### 1. Jeneral

Chak fwa yon plent pou jistis ekitab depoze, oumenm oswa LEA ki angaje nan konfli a dwe gen chans pou yon odyans pou jistis ekitab san patipri, jan li dekri nan seksyon **Plent pou jistis ekitab** ak seksyon **Pwosedè Rezolisyon** an. Nan Pennsilvani, se Biwo pou Rezolisyon Konfli (ODR, Office for Dispute Resolution) (ki site nan **Resous** yo pi ba a) ki administre sistèm jistis ekitab la.

#### 2. Fonksyonè odyans san patipri

**Ominimòm, yon fonksyonè odyans:**

- a. Pa dwe yon anplwaye nan yon Ajans Edikasyon Eta a oswa LEA a ki konsènen nan edikasyon oswa nan swen timoun ou an. Men, yon moun pa yon anplwaye ajans lan paske tou senpleman ajans lan peye l pou sèvi sèlman kòm yon fonksyonè odyans;
- b. Pa dwe gen yon enterè pèsonèl oubyen pwofesyonèl ki fè fonksyonè odyans lan pa aji san enfluyans nan odyans lan;
- c. Dwe konnen e konprann dispozisyon IDEA yo, ansanm ak règleman federal ak règleman Eta ki anrapò ak IDEA, epitou entèpretasyon legal tribinal federal ak tribinal Eta yo fè ak IDEA a; **epi**
- d. Dwe gen konesans ak kapasite pou fè odyans, ak pou pran e ekri desizyon, annakò ak pratik legal nòmal e apwopriye.

Chak SEA (Ajans Edikasyon Eta) dwe konsève yon lis moun sa yo ki sèvi kòm fonksyonè odyans, ki gen ladan deklarasyon kalifikasyon chak fonksyonè odyans.

#### 3. Matyè nan odyans pou jistis ekitab

Pati (oumenm oubyen LEA a) ki mande odyans pou jistis ekitab la pa kapab souleve lòt pwoblèm nan odyans pou jistis ekitab la ki pa te abòde nan plent pou jistis ekitab la, sòf si lòt pati a dakò ak sa.

#### 4. Delè pou mande yon odyans

##### a. Delè

**Oumenm oswa LEA a dwe mande yon odyans san patipri pou yon plent pou jistis ekitab anvan dezan fin pase depi dat oumenm oswa LEA a te konnen oswa ta dwe konnen pwoblèm ki abòde nan plent lan. Plent pou jistis ekitab la dwe deklare yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase dezan anvan oumenm oswa LEA a te okouran epi ta dwe okouran swadizan desizyon an ki fòmè baz plent pou jistis ekitab la.**

#### **Eksepsyon ki gen nan delè a**

Delè ki anwo la a pa aplike pou ou si li pa te posib pou w depoze yon plent pou jistis ekitab paske:

1. LEA a te espesyalman bay fo enfòmasyon ke li te rezoud pwoblèm oswa pwen w ap souleve nan plent ou an; **oubyen**
2. LEA a te kenbe enfòmasyon li gen obligasyon bay ou dapre Pati B IDEA a.

### B. Dwa Pou Odyans (34 CFR §300.512)

#### 1. Jeneral

**Kenepòt pati ki nan yon odyans pou jistis ekitab (odyans anrapò ak pwosedè disiplinè ladan tou) oswa ki nan apèl, jan sa dekri nan soutit Apèl kont desizyon yo; revizyon enpasyal gen dwa pou:**

- a. Yon avoka ak/oubyen moun ki gen konesans oswa fòmasyon espesyal sou pwoblèm timoun ki gen andikap vini avèk li e bay li konsèy;
- b. Prezante prèv e konfwonte, entèwoje temwen an apre l te fin reponn kesyon epi mande prezans temwen;
- c. Entèdi yo vini nan odyans lan ak kenenpòt prèv yo pa te devwale ba lòt pati a omwen senk jou ouvrab anvan odyans lan;
- d. Resevwa yon rapò odyans lan alekri, si w chwazi sa, rapò elektwonik, mo-pou-mo; **epi**
- e. Resevwa rezilta sou sa yo jwenn kòm prèv ak desizyon yo alekri oswa elektwonik, si w chwazi sa.

## 2. Lòt devwalman enfòmasyon

**Omwen 5 jou ouvrab anvan yon odyans pou jistis ekitab, oumenm oubyen LEA a dwe devwale ba tout lòt pati yo tout evalyasyon ki te fin fèt nan dat sa ak rekòmandasyon ki baze sou evalyasyon sa yo ke oumenm oswa LEA a gen entansyon itilize nan odyans lan.**

Yon fonksyonè odyans kapab anpeche kenenpòt pati ki pa te respekte egzijans sa a vini avèk evalyasyon oswa rekòmandasyon nan odyans lan san konsantman lòt pati a.

## 3. Dwa paran yo nan odyans

Yo dwe bay ou dwa pou:

- a. Fè timoun ki konsène nan odyans lan prezan;
- b. Fè moun deyò asiste odyans lan; **epi**
- c. Ba ou rapò odyans lan, sa yo te jwenn kòm prèv ak desizyon yo gratis.

## C. Desizyon Odyans (34 CFR §300.513)

### 1. Desizyon fonksyonè odyans lan

- a. Desizyon yon fonksyonè odyans asavwa si timoun ou te resevwa FAPE dwe chita sou baz solid.
- b. Nan afè ki pretann te gen vyolasyon yon pwosedi, yon fonksyonè odyans gendwa jwenn timoun ou pa te resevwa FAPE sèlman si pwosedi ensifizan yo:
  - 1) Te jennen dwa timoun ou an genyen pou l jwenn FAPE;
  - 2) Te jennen anpil opòtinite pou w patisipe nan pwosesis desizyon konsènan founiti FAPE ba timoun ou an; **oubyen**
  - 3) Te anpeche timoun lan jwenn yon benefis edikasyon.
- c. Dispozitif entèpretasyon  
Yo pa ka entèprete okenn nan dispozisyon ki dekri anwo la yo pou anpeche yon fonksyonè odyans òdone pou yon LEA respekte egzijans ki nan seksyon garanti pwosedi ki nan règleman Federal yo dapre Pati B IDEA a (34 CFR §§300.500 rive nan 300.536). Okenn nan dispozisyon nan tit: **Fason pou Depoze yon Plent pou Jistis Ekitab; Plent pou Jistis Ekitab; Modèl Fòm; Pwosedi Rezolisyon; Odyans pou Jistis Ekitab San patipri; Dwa pou odyans; ak Desizyon Odyans yo** (34 CFR §§300.507 rive nan 300.513), pa kapab afekte dwa ou genyen pou depoze yon apèl kont desizyon odyans pou jistis ekitab devan yon tribinal ki gen konpetans pou sa.

### 2. Demann apa pou yon odyans pou jistis ekitab

Yo pa ka entèprete anyen nan seksyon garanti pwosedi règleman federal yo dapre Pati B IDEA a (34 CFR §§300.500 rive nan 300.536) pou anpeche w depoze yon plent pou jistis ekitab apa pou yon pwoblèm ki separe ak plent pou jistis ekitab ki deja depoze a.

### 3. Bay komite konsiltatif ak piblik la anjeneral konklizyon yo ak desizyon yo

Aprè li fin efase tout enfòmasyon ki idantifye yon moun pèsònèlman, SEA a dwe:

- a. Bay Komite Konsiltatif Eta a pou Edikasyon Espesyal (State Special Education Advisor Panel, SEAP) konklizyon ak desizyon yo nan odyans pou jistis ekitab la oswa apèl la; **epi**

- b. Mete konklizyon ak desizyon sa yo aladispozisyon piblik la.

#### **D. Finalite Desizyon; Apèl; Revizyon San Patipri (34 CFR §300.514)**

##### **Finalite desizyon odyans lan**

Yon desizyon ki pran nan yon odyans pou jistis ekitab (sa gen ladan yon odyans anrapò ak pwosedi disiplinè) se desizyon final, sof ke nenpòt pati ki konsènen nan odyans la (oumenm oubyen LEA a) kapab fè apèl kont desizyon an bòkote yon tribinal ki gen konpetans pou sa.

#### **E. Delè Ak Fasilite Odyans Yo (34 CFR §300.515)**

##### **1. Delè**

SEA a dwe asire ke, pa pita pase 45 jou sivil apre ekspirasyon peryòd 30 jou sivil pou reyinyon rezolisyon yo **oubyen**, jan li dekri nan soutit **Modifikasyon nan delè 30 jou sivil peryòd rezolisyon an**,

- a. Gen yon desizyon final ki jwenn pou odyans lan; **epi**
- b. Yo voye yon kopi desizyon an pa lapòs ba oumenm ak LEA a.

##### **2. Pwolonjman Tan**

Yon fonksyonè odyans oswa yon fonksyonè revizyon kapab akòde pwolonjman tan espesyal ki depase peryòd yo ki dekri anwo a (delè 45 jou sivil pou yon desizyon odyans oswa 30 jou sivil pou yon desizyon revizyon) si oumenm oubyen LEA a fè demann pou yon pwolonjman espesyal delè a. Tout odyans ki gen ladan prèv aloral dwe fèt nan yon dat ak yon kote ki ap bon pou ou ak timoun ou nan fason rezonab.

#### **F. Aksyon Sivil, Ansanm Ak Delè Pou Depoze Aksyon Sa Yo (34 CFR §300.516)**

##### **1. Jeneral**

Kenenpòt pati (oumenm oubyen LEA a) ki pa dakò avèk konklizyon ak desizyon nan desizyon SEA a gen dwa pou mennen yon aksyon sivil konsènan afè ki te matyè odyans pou jistis ekitab la (sa gen ladan yon odyans anrapò ak pwosedi disiplinè). Aksyon an ka fèt nan yon tribinal premye enstans Etazini san konsidere montan ki nan konfli a oswa nan yon tribinal Eta a ki gen konpetans pou ka sa a (yon tribinal Eta a ki gen otorite pou l tande kalite ka sa a). Nan Pennsilvani, tribinal ki gen konpetans lan se Tribinal Commonwealth la.

##### **2. Delè**

Pati k ap mennen aksyon an (oumenm oubyen LEA a) nan yon tribinal premye enstans Etazini ap gen 90 jou sivil apatide dat desizyon SEA a pou li depoze yon aksyon sivil. Pati k ap mennen aksyon an nan tribinal Commonwealth la ap gen 30 jou sivil apatide dat desizyon SEA a pou li depoze yon aksyon sivil.

##### **3. Lòt pwosedi anplis**

**Nan tout aksyon sivil, tribinal la:**

- 1. Resevwa dosye pwosedi administratif yo;
- 2. Tande prèv anplis lè oumenm oswa LEA a mande sa; **epi**
- 3. Tabli desizyon li sou prèv ki gen plis pwa e bay reparasyon tribinal jwenn ki apwopriye.

##### **4. Règleman entèpretasyon**

Anyen nan Pati B IDEA a pa restrenn oswa limite dwa, pwosedi ak rekou ki disponib dapre Konstitisyon Etazini, Lwa 1990 pou Moun Andikape Ozetazini (Americans with Disabilities Act), Tit V Lwa 1973 sou Reyabilitasyon (Rehabilitation Act) (Seksyon 504), oubyen lòt lwa federal ki pwoteje dwa timoun ki gen andikap, sof ke anvan yon pati depoze yon desizyon sivil dapre lwa sa yo pou chèche reparasyon ki disponib tou dapre Pati B IDEA a, li dwe fin sèvi ak

pwosedi pou jistis ekitab yo ki dekri anwo la a nan menm degre li ta dwe fèt si pati a te depoze aksyon an dapre Pati B IDEA a. Sa vle di ou kapab gen rekou ki disponib dapre lòt lwa ki kouvri anpati rekou sa yo ki disponib dapre IDEA, men anjeneral, pou w jwenn reparasyon dapre lòt lwa sa yo, ou dwe toudabò sèvi ak rekou administratif dapre IDEA a (sa vle di pwosedi plent pou jistis ekitab, reyinyon rezolisyon ak odyans pou jistis ekitab san patipri) anvan w ale nan tribinal, sof si kèk eksepsyon jidisyè espesifik disponib ki rann li pa nesesè pou fin sèvi ak rekou administratif yo.

## G. Frè Avoka (34 CFR §300.517)

### 1. Jeneral

Nan kenepòt desizyon oswa pwosedi ki fèt dapre Pati B IDEA a, tribinal la, se li ki pou deside, kapab akòde frè avoka rezonab kòm yon pati nan depans:

- a. Ba oumenm, si yo konsidere w kòm pati ki genyen kòz la.
- b. Ba yon Ajans Edikasyon Eta oswa LEA ki genyen kòz la, pou avoka w la peye si avoka a: (a) te depoze yon plent oswa yon pwosè ke tribinal jwenn ki pa serye, ki pa rezonab oubyen ki san fondman; **oubyen** (b) kontinye ap plede alòske li klè diskisyon an vin pa serye, li vin pa rezonab oubyen li vin san fondman; **oswa**
- c. Ba yon Ajans Edikasyon Eta (SEA) oswa yon LEA ki genyen kòz la, pou oumenm oswa avoka w peye, si demann ou an pou yon odyans pou jistis ekitab oswa yon pwosè pi devan te prezante nan yon bi ki pa kòrèk, tankou pou arase, lakòz reta ki pa nesesè oswa pou ogmante frè aksyon an oswa pwosedi a san nesesite.

### 2. Frè Rezonab

Yon tribinal akòde frè avoka rezonab annakò ak sa ki annapre la yo:

- a. Frè yo dwe baze sou tarif abityèl nan kominote kote desizyon oswa odyans lan te souleve a pou tip ak kalite sèvis ki bay yo. Prim oswa miltiplikatè pa kapab antre nan kalkil frè y ap akòde yo.
- b. Yo pa kapab akòde w frè e yo pa kapab ranbouse lajan ke w te depanse nan yon desizyon oswa pwosedi dapre Pati B IDEA a pou sèvis ki fèt apre yon òf règleman alamyab alekri, si:
  - 1) Òf la fèt nan delè ki preskri nan Règ nimewo 68 Règleman Federal Pwosedi Sivil [Rule 68 of the Federal Rules of Civil Procedure] oswa, nan ka yon odyans pou jistis ekitab oswa yon revizyon nan nivo Eta, kenepòt lè ki plis pase 10 jou sivil anvan pwosedi a kòmanse;
  - 2) Òf la pa aksepte anvan 10 jou sivil fin pase; **epi**
  - 3) Tribinal la oswa fonksyonè odyans administratif la jwenn reparasyon ou fini pa jwenn lan pa pi anfavè pase òf règleman alamyab la.
  - 4) Malgre limit sa yo, ou ka resevwa frè avoka ak lajan w te depanse si w genyen epi ou te gen rezon aklè pou rejte òf règleman alamyab la.
- c. Yo **PA** kapab akòde frè anrapò ak kèlkanswa reyinyon Ekip IEP a sòf si reyinyon an fèt poutèt yon pwosedi administratif oswa yon desizyon lajistis. Jan li dekri nan tit **Reyinyon rezolisyon** an, yo pa konsidere yon reyinyon rezolisyon kòm yon reyinyon ki òganize poutèt yon odyans administratif oswa yon desizyon lajistis, e yo pa konsidere li nonplis kòm yon odyans administratif oswa yon desizyon lajistis pou bay frè avoka sa yo.
- d. Yo gendwa pa bay frè tou pou yon medyasyon jan li dekri nan tit Medyasyon an.

### 3. Rediksyon nan Frè

Tribinal la diminye, si sa nesesè, montan frè avoka yo akòde dapre Pati B IDEA a si tribinal la dekouvri:

- a. Oumenm oubyen avoka w la te retade san rezon rezolisyon final konfli a pandan aksyon oswa pwosedi a t ap fèt;

- b. Montan frè avoka ki otorize bay depase nèt tarif pa èdtan abityèl nan kominote a pou menm kalite sèvis yo ke avoka ki gen menm konpetans, renome ak eksperyans abitye bay;
- c. Kantite tan ki pran ak sèvis legal ki bay yo te twòp parapò ak nati desizyon oswa pwosedi a; **oubyen**
- d. Avoka ki reprezante w la pa te bay LEA a enfòmasyon apwopriye nan avi pou mande jistis ekitab la jan li dekri nan tit **Plent pou jistis ekitab** la.

Men, tribinal la pa kapab diminye frè yo si tribinal la dekouvri Eta a oswa LEA a te retade desizyon final aksyon oswa pwosedi a san rezon oubyen te gen yon vyolasyon dapre dispozisyon garanti pwosedi Pati B IDEA a.

## H. Modèl Fòm (34 CFR §300.509)

Menmsi Ajans Edikasyon Eta a (SEA) te devlope modèl fòm pou ede ou depoze yon plent pou jistis ekitab ak yon plent Eta. SEA a oswa LEA a gen dwa pa egzije pou ou sèvi ak modèl fòm sa yo. Ou kapab sèvi fòm sa a oswa yon lòt modèl fòm apwopriye, depi yo gen enfòmasyon ki obligatwa pou w depoze yon plent pou jistis ekitab oswa yon plent Eta.

## VI. MEDYASYON (34 CFR §300.506)

### A. Jeneral

LEA a dwe mete medyasyon disponib pou pèmèt oumenm ak LEA a rezoud dezakò ki konsènen nenpòt afè dapre Pati B IDEA a, ankontan afè ki rive anvan plent pou jistis ekitab la depoze. Pakonsekan, medyasyon disponib pou rezoud diskisyon suivan Pati B IDEA a, kèlkanswa wi ou non oumenm oswa LEA ou te depoze yon plent pou jistis ekitab pou mande yon odyans pou jistis ekitab jan li dekri nan tit **Fason pou Depoze yon Plent pou Jistis Ekitab** la.

### B. Kondisyon Pou Pwosedi

#### **Pwosedi yo dwe asire ke pwosesis medyasyon an:**

1. Volontè bòkote pa w ak bòkote pa LEA a;
2. Pa sèvi pou refize oswa pran reta sou dwa ou genyen pou yon odyans pou jistis ekitab, osinon pou refize ankenn lòt dwa ou genyen dapre Pati B IDEA a; **epi**
3. Fèt anba direksyon medyatè kalifye ki pa nan patipri, epi ki gen fòmasyon nan teknik bon jan medyasyon.
4. SEA a dwe kenbe yon lis moun ki medyatè kalifye epi ki konnen lwa ak règleman ki gen rapò ak founiti edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal. SEA a chwazi medyatè yo owaza, atoudewòl oswa sou lòt baz san patipri.
5. Eta a responsab frè pwosesis medyasyon an, ansanm ak frè pou reyinyon yo.
6. Tout sesyon nan pwosesis medyasyon an dwe pwograme nan yon fason apwopriye e fèt yon kote ki bon pou oumenm ak LEA a.
7. **Si oumenm ak LEA a rezoud yon konfli nan pwosesis medyasyon, toude pati yo dwe angaje nan yon akò ki lye yo legalman ki prezante rezolisyon an epi ki:**
  - a. Deklare tout diskisyon ki te fèt pandan pwosesis medyasyon an pral rete konfidansyèl e yo pa kapab sèvi kòm prèv nan okenn odyans pou jistis ekitab oswa pousuit sivil pi devan; **epi**

- b. Gen siyati ni oumenm ni yon reprezantan LEA a ki gen otorite pou angaje LEA a.
- 8. Yon akò medyasyon alekri ki siyen gen fòs egzektwa nan nenpòt tribinal Eta a ki gen konpetans pou ka sa a (yon tribinal ki gen otorite dapre lwa Eta a pou l tande kalite ka sa a) oswa nan yon tribinal premye enstans Etazini.
- 9. Diskisyon ki te fèt pandan pwosesis medyasyon an dwe konfidansyèl. Yo pa kapab sèvi kòm prèv nan okenn odyans pou jistis ekitab oswa pousuit sivil pi devan nan okenn tribinal Federal oswa Tribinal Eta pou yon Eta ki resevwa asistans dapre Pati B IDEA a.

### C. Medyatè Enpasyal

Medyatè a:

- 1. Pa kapab yon anplwaye SEA oswa yon anplwaye LEA ki konsènen nan edikasyon oswa swen timoun ou an; **epi**
- 2. Pa dwe gen yon enterè pèsonèl oubyen pwofesyonèl ki fè medyatè a pa aji san enfliyans.

Epitou, yon moun ki kalifye kòm medyatè pa yon anplwaye yon LEA oswa SEA tou senpleman paske ajans lan peye li pou sèvi kòm medyatè.

## VII. PLASMAN TIMOUN NAN PANDAN MEDYASYON AK JISTIS EKITAB ANNATANT (34 CFR §300.518)

### A. Jeneral

#### **Plasman Timoun Nan Pandan Medyasyon Ak Jistis Ekitab Annatant (34 CFR §300.518)**

Sòf endikasyon kontrè ki anba la a nan tit **Pwosedi Lè Y Ap Pran Mezi Disiplin Kont Timoun Ki Gen Andikap**, depi yon plent pou jistis ekitab ekspedye ba lòt pati a, timoun ou an dwe rete nan plasman pou edikasyon li genyen nan moman an pandan peryòd pwosedi rezolisyon an, pandan medyasyon ak pandan y ap tann desizyon yon odyans pou jistis ekitab san patipri oswa desizyon pwosedi jidisyèl, sòf si oumenm ak LEA a dakò yon lòt jan.

Si pwosedi pou jistis ekitab la konsènen yon aplikasyon pou yon premye admisyon nan lekòl piblik, timoun ou an, avèk konsantman pa w, dwe plase nan pwogram regilye lekòl piblik la jiskaske tout kalite pwosedi sa yo fini.

Si plent pou jistis ekitab la konsènen yon aplikasyon pou premye sèvis dapre Pati B IDEA a pou yon timoun k ap travèse soti nan sèvis dapre Pati C IDEA a pou ale nan Pati B IDEA epi ki pa kalifye ankò pou sèvis Pati C yo paske timoun lan vin gen twazan, LEA a pa oblije bay sèvis Pati C yo ke timoun lan t ap resevwa yo. Timoun gen dwa pou jwenn pandans – sètadi, kontinyasyon sèvis ki prevwa nan IFSP yo – lè yon diskisyon souve lè y ap travèse nan pwogram Entèvansyon Bonè preskolè nan laj twa (3) zan epi fanmi an mande yon odyans ofisyèl pou rezoud diskisyon an. Si yo jwenn timoun lan kalifye dapre Pati B IDEA a epi ou dakò pou timoun lan resevwa pou premye fwa edikasyon espesyal ak sèvis ki anrapò ak edikasyon espesyal, lèsa, annatandan rezilta pwosedi yo, LEA a dwe bay edikasyon espesyal ak sèvis ki anrapò ak edikasyon espesyal ki pa nan diskisyon an (sa yo ke oumenm ak LEA a dakò sou yo a).

## VIII. E SI TIMOUN MWEN YO ESKLI NAN LEKÒL AKÒZ PWOBLÈM DISIPLIN?

### SEKSYON SA A DEKRI PWOSEDI POU ESKLIZYON DISIPLINÈ TIMOUN KI GEN ANDIKAP YO.

Gen règ espesyal nan Pennsilvani pou ekskli pou rezon disiplinè timoun andikape ke LEA yo sèvi. Sòf si yo endike otreman, timoun ki nan lekòl charter yo swiv menm pwosedi yo:

#### A. Otorite Pèsonèl Lekòl La (34 CFR §300.530)

##### 1. Desizyon ka pa ka

Si yon timoun ki gen andikap vyole kòd konduit pou elèv yo, lè pèsonèl lekòl la ap decide si yon chanjman plasman bon pou timoun lan, ke l ap fè konfòmeman ak egzijans ki pral site la yo konsènan disiplin, pèsonèl lekòl la dwe egzamine chak sikonstans sou yon baz ka pa ka.

##### 2. Jeneral

Si yo pran menm desizyon sa yo tou kont timoun ki pa gen andikap, pèsonèl lekòl la kapab, pa pou plis pase **10 jou lekòl yonn apre lòt**, retire yon elèv ki gen andikap (apa yon timoun ki gen yon defisyans entelektyèl) ki vyole kòd konduit pou elèv nan plasman li ye kounye a pou mete l nan yon lòt anviwònman pwovizwa pou edikasyon ki apwopriye, nan yon lòt anviwònman, oswa ranvwaye l. Pèsonèl lekòl la kapab egzije tou pandan yon menm ane akademik lòt ranvwa anplis pou timoun lan, ki pa depase **10 jou lekòl yonn apre lòt**, pou lòt ensidan move konduit apa, toutotan ranvwa sa yo pa reprezante yon chanjman plasman (gade definisyon an anba la a, **Chanjman Plasman Poutèt Ranvwa Pou Disiplin**) oswa depase 15 jou lekòl adisyone nan yon ane lekòl. Depi yo retire yon timoun ki gen andikap nan plasman li ladan nan moman an pou 10 jou lekòl antou nan menm ane lekòl la, LEA a dwe ba l sèvis nan degre ki egzije anba la a nan soutit **Sèvis** la pandan tout jou apre ranvwa a nan ane akademik sa a.

##### 3. Lòt pouvwa anplis

Si konpòtman ki vyole kòd konduit elèv la pa te yon manifestasyon andikap timoun lan (gade **Detèminasyon siy** andikap anba la a) epi chanjman plasman pou disiplin lan te pral depase **10 jou lekòl yonn apre lòt**, pèsonèl lekòl la kapab aplike pwosedi disiplinè kont timoun ki gen andikap sa a nan menm fason ak pou menm kantite tan li ta aplike l pou timoun ki pa gen andikap, men lekòl la dwe fè timoun sa a jwenn sèvis jan li dekri anba la a nan **Sèvis**. Ekip IEP timoun lan detèmine lòt anviwonnman pwovizwa pou edikasyon pou sèvis sa yo. Dapre règleman edikasyon espesyal PA yo (22 Pa. Kòd Sek. 14.143), yon eskliyon disiplinè pou yon elèv ki gen yon andikap pandan plis pase 15 jou lekòl adisyone nan yon ane lekòl pral konsidere kòm yon modèl yon fason pou yo konsidere li kòm yon chanjman nan plasman edikatif (ki eksplike nan seksyon Chanjman plasman poutèt ranvwa disiplinè). LEA a oblije bay paran yo yon NOREP/Preyavi alekri anvan yon ranvwa ki reprezante yon chanjman nan plasman (retrè pandan plis pase 10 jou youn apre lòt oswa 15 jou adisyone).

##### 4. Sèvis yo

Sèvis yo dwe bay yon timoun ki gen andikap ke yo te retire nan plasman li ye nan moman an dwe fèt nan yon lòt anviwonnman pwovizwa pou edikasyon. Yon LEA oblije bay sèvis pou yon timoun ki gen yon andikap ke yo te retire nan plasman li te ye nan moman an pandan **10 jou lekòl oswa mwens** nan ane akademik sa a sèlman si li bay sèvis yo pou yon timoun ki pa gen andikap ke yo te retire nan menm yon menm fason. Elèv yo ka gen responsablite pou yo ratrape egzamen ak travay yo rate pandan y ap discipline ak sispansyon epi yo ka otorize yo akonpli devwa sa yo nan kad direktiv LEA yo a tabli.



Yon timoun ki gen yon andikap yo retire nan plasman li ye nan moman an pou **plis pase 10 jou lekòl youn apre lòt** dwe:

- a. Kontinye resevwa sèvis edikasyon, dekwa pou pèmèt timoun lan kontinye patisipe nan pwogram etid jeneral la, menm si li nan yon lòt anviwonman, e pwogrese pou atenn objektif ki fikse nan IEP timoun lan; **epi**
- b. Resevwa, si sa nesèsè, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl avèk sèvis entèvansyon ak modifikasyon konpòtman ki fèt pou abòde vyolasyon konpòtman an dekwa pou l pa rive ankò.

Lè yo te retire yon timoun ki gen yon andikap nan plasman li ladan nan moman an pandan **10 jou lekòl** nan yon menm ane lekòl, epi **si** yo retire l nan moman an pou **10 jou lekòl youn apre lòt** oswa mwens **epi** si ranvwa a se pa yon chanjman plasman (gade nan definisyon ki anba a), **alòs** pèsonèl lekòl la, an kolaborasyon avèk omwen yonn nan pwofesè timoun lan, ap gade nan ki degre sèvis yo nesèsè pou pèmèt timoun lan kontinye patisipe nan pwogram etid jeneral la, menmsi li nan yon lòt anviwonman, e pwogrese pou atenn objektif ki fikse nan IEP timoun lan.

Si ranvwa a se yon chanjman plasman (gade nan Definisyon yo anba a), Ekip IEP timoun lan ap decide sèvis ki apwopriye pou pèmèt timoun lan kontinye patisipe nan pwogram etid jeneral la, menm si li nan yon lòt anviwonman, e pwogrese pou atenn objektif ki fikse nan IEP timoun lan.

#### 5. **Detèminasyon siy andikap**

**Anvan 10 jou lekòl fin pase apre desizyon pou chanje plasman yon timoun ki gen andikap poutèt vyolasyon kòd konduit pou elèv (sòf si se yon ranvwa pa reprezante yon chanjman nan plasman pou edikasyon, sètadi se pou 10 jou lekòl youn apre lòt oswa mwens ki pa yon chanjman plasman), LEA a, paran an, ansanm ak manm konpetan Ekip IEP yo (jan paran ak LEA a wè l) dwe repase tout enfòmasyon enpòtan ki nan dosye elèv la, sa gen ladan IEP timoun lan, tout obsèvasyon pwofesè yo, ak nenpòt enfòmasyon aplikab paran yo bay pou detèmine:**

- a. Si move konduit sa a se konsekans oswa si li gen relasyon dirèk ak andikap timoun lan; **oubyen**
- b. Si move konduit sa a se te konsekans dirèk mankman LEA a, ki pa te egzekite IEP timoun lan.

Si LEA a, paran an, ansanm ak manm konpetan Ekip IEP timoun lan jwenn yonn nan pwoblèm sa yo te rive, konduit la dwe konsidere kòm yon siy andikap timoun.

Si LEA a, paran an, ak manm konpetan Ekip IEP timoun lan jwenn move konduit la se konsekans dirèk mankman LEA a, ki pa te egzekite IEP timoun lan, LEA a dwe pran desizyon tousuit pou remède mankman sa yo.

#### 6. **Lè yo wè konpòtman an se te yon siy andikap timoun lan**

Si LEA a, paran an, ak manm konpetan Ekip IEP timoun lan jwenn konduit la se te yon siy andikap timoun lan, Ekip IEP a dwe:

- a. Swa fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, sòf si LEA a te fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl anvan pwoblèm konpòtman ki te lakòz chanjman nan plasman ki te rive a, epi egzekite yon plan entèvansyon sou konpòtman pou timoun lan; **oubyen**
- b. Si gen yon plan entèvansyon sou konpòtman yo te devlope deja, revize plan entèvansyon an, e modifye l, si sa nesèsè, pou abòde pwoblèm konpòtman an.

Sòf pou jan li dekri anba la a nan soutit **Sikonstans espesyal** la, LEA a dwe retounen timoun lan nan plasman yo te retire l ladan an, sòf si paran an ak LEA a dakò fè yon chanjman plasman nan kad chanjman plan entèvansyon sou konpòtman an.

## 7. Sikonstans espesyal

Kit move konpòtman an se te yon siy, kit se pa t yon siy andikap timoun lan, pèsònèl lekòl la kapab retire yon elèv pou voye l nan yon lòt anviwònman pwovizwa pou edikasyon (ke Ekip IEP timoun lan ap deside) pou plis pase 45 jou lekòl si timoun lan:

- a. Pote yon zam (gade nan **Definisyon yo** anba a) nan lekòl la oswa li gen yon zam sou li nan lekòl la, nan lokal lekòl la, osinon nan yon aktivite lekòl la ki sou konpetans LEA a:
- b. Konnen byen li genyen dwòg oswa l ap pran dwòg ilegal (gade nan **Definisyon yo** anba a) oubyen vann oswa ofri vann yon sibstans ki gen règleman espesyal (gade nan **Definisyon yo** anba a) pandan li nan lekòl la, nan lokal lekòl la, osinon nan yon aktivite lekòl la ki sou konpetans LEA a; **oswa**
- c. Koze domaj fizik grav (gade nan **Definisyon yo** anba a) sou yon lòt moun pandan li nan lekòl la, nan lokal lekòl la, osinon nan yon aktivite lekòl la ki sou konpetans Ajans Edikasyon Eta a oubyen yon LEA.

## 8. Definisyon yo

- a. Sibstans ki gen règleman espesyal vle di yon medikaman oubyen lòt sibstans ki idantifye dapre anèks I, II, III, IV, oswa V nan seksyon 202(c) Lwa sou sibstans ki sou kontwòl Controlled Substances Act (21 U.S.C. 812(c)).
- b. Dwòg ilegal vle di yon sibstans ki sou kontwòl; men li pa vle di sibstans ki sou kontwòl ke ou posede legalman oswa w ap pran sou sipèvizyon yon pwofesyonèl lasante ki lisansye oubyen ke ou posede legalman oswa w ap pran dapre kenenpòt otorite ki nan Lwa sa a oubyen dapre kenenpòt lòt dispozisyon lwa federal.
- c. Domaj fizik grav gen siyifikasyon yo bay pou tèm “domaj fizik grav [serious bodily injury]” dapre paragraf (3) souseksyon (h) nan seksyon 1365 nan tit 18, Kòd Etazini [United States Code].
- d. Zam gen siyifikasyon yo bay pou tèm “zam danjere [dangerous weapon]” dapre paragraf (2) nan premye souseksyon (g) nan seksyon 930 nan tit 18, Kòd Etazini United States Code.

## 9. Notifikasyon

Nan dat li pran desizyon fè yon ranvwa ki reprezante yon chanjman plasman timoun lan poutèt vyolasyon kòd konduit elèv, LEA a dwe avèti paran yo sou desizyon sa a e bay yo yon avi ki di pwosedi pou w suiv pou defann dwa w.

## B. Chanjman Plasman Poutèt Ranvwa Disiplinè (34 CFR §300.536)

Ranvwa yon timoun ki gen andikap ki soti nan plasman edikasyonèl li ladan nan moman an se yon **chanjman plasman** ki mande yon NOREP/preyavi alekri si:

1. Ranvwa a se pou plis pase 10 jou lekòl yonn apre lòt; **oswa**
2. Retrè a se pou total 15 jou lekòl adisyone nan nenpòt grenn ane lekòl;
3. Timoun lan te sibi yon seri ranvwa ki vin bay yon bagay ki rive regilyèman paske:
  - a. Seri ranvwa yo bay yon total ki plis pase 10 jou lekòl nan yon ane akademik;
  - b. Konpòtman timoun lan sanble anpil ak konpòtman li te genyen nan ensidan anvan sa ki te lakòz yon seri ranvwa;
  - c. Yon seri faktè ki ajoute, tankou dire chak ranvwa, kantite total tan yo te ranvwaye timoun lan, ak kantite tan ki separe ranvwa yo yonn ak lòt; **epi**

Se LEA a k ap deside, sou yon baz ka pa ka, si yon seri ranvwa ki te fèt regilyèman poutèt yon menm rezon se yon chanjman plasman li ye, epi si desizyon an konteste, l ap gen pou l pase nan yon revizyon dapre pwosedi jistis ekkitab ak pwosedi lajistis.

## C. Detèminasyon Anviwònman (34 CFR §300.531)

IEP a dwe deside lòt anviwònman pwovizwa pou edikasyon pou ranvwa ki **chanjman plasman**, ak ranvwa ki nan tit **Lòt otorite anplis** ak **Sikonstans espesyal** ki anwo la a.

## D. Apèl (34 CFR §300.532)

### 1. Jeneral

Paran yon timoun ki gen andikap kapab depoze yon plent pou jistis ekitab (gade anwo la a) pou mande yon odyans pou pwosedi ofisyèl si li pa dakò ak:

- a. Nenpòt desizyon anrapò ak plasman ki pran dapre dispozisyon disiplinè sa yo; **oswa**
- b. Detèminasyon siy andikap la ki eksplike anwo la a.

LEA a ka depoze yon plent pou pwosedi jis (gade anwo la a) pou mande yon odyans pou jistis ekitab si li panse poutèt yo kenbe menm plasman timoun lan ladan nan moman an, sa gen anpil chans lakòz domaj fizik pou timoun lan oswa pou lòt moun.

### 2. Otorite responsab odyans lan

Yon fonksyonè odyans ki ranpli kondisyon ki eksplike nan soutit Fonksyonè odyans san patipri a dwe dirije odyans pou jistis ekitab la e pran yon desizyon.

Responsab odyans lan gendwa:

- a. Retounen timoun ki gen andikap la nan plasman yo te retire l ladan an si fonksyonè odyans lan jwenn ranvwa a se te yon vyolasyon kondisyon ki dekri nan tit Otorite pèsònèl lekòl la, oubyen si li jwenn konpòtman timoun lan se te yon siy andikap timoun lan; oswa
- b. Òdone yon chanjman nan plasman timoun ki gen andikap lan pou l ale nan yon lòt anviwonman pwovizwa pou edikasyon ki apwopriye pou pa plis pase 45 jou lekòl si fonksyonè odyans lan dekouvri si yo kenbe menm plasman timoun lan ladan an sa gen anpil chans lakòz domaj fizik pou timoun lan oswa pou lòt moun.

Yo ka repete pwosedi odyans sa yo si LEA a panse si yo retounen timoun lan nan premye plasman an sa gen anpil chans lakòz domaj fizik pou timoun lan oswa pou lòt moun.

Chak fwa yon paran oswa yon LEA depoze yon plent pou pwosedi jis pou mande yon odyans konsa, yo dwe fè yon odyans ki ranpli kondisyon ki dekri nan tit Pwosedi **Plent pou Jistis Ekitab**, Odyans pou **Plent pou Jistis Ekitab**, sòf sa ki pral site la a:

1. SEA a dwe pran dispozisyon pou yon odyans akselere pou jistis ekitab, ki dwe fèt anvan **20** jou lekòl fin pase apre dat yo fè depo pou odyans lan e dwe gen yon desizyon anvan **10** jou lekòl fin pase apre odyans lan.
2. Sòf si paran yo ak LEA a dakò alekri pou reyinyon an pa bezwen fèt, oswa yo dakò sèvi ak medyasyon, yon reyinyon pou jwenn yon solisyon dwe fèt anvan **7** jou sivil fin pase apre resepsyon avi plent pou mande yon pwosedi jis la. Odyans lan ka kontinye sòf si afè a te rezoud nan gou toude pati yo anvan 15 jou sivil fin pase apre resepsyon avi plent pou mande yon pwosedi jis la.

Yon pati kapab fè apèl kont desizyon nan yon odyans pou jistis ekitab akselere nan menm fason yo kapab fè l pou desizyon yo nan lòt odyans pou jistis ekitab yo (gade nan Apèl, anwo la a).

## E. Plasman Pandan Apèl yo (34 CFR §300.533)

Jan li dekri anwo la a, lè paran an oswa LEA a te depoze yon plent pou jistis ekitab ki gen rapò ak afè disiplinè, timoun lan dwe (sòf si paran an ak Ajans Edikasyon Eta a oswa LEA a decide yon lòt jan) rete nan lòt anviwonman pwovizwa pou edikasyon annatandan desizyon responsab odyans lan oswa jiskaske peryòd ranvwa a fini jan li prevwa e eksplike nan tit **Otorite Pèsònèl Lekòl** la, selon sa ki rive anpremye a.

### Règ Espesyal pou Elèv ki gen yon Andikap Entelektyèl

Yo konsidere retrè pou timoun ki gen yon andikap entelektyèl ki ale swa nan yon LEA oswa nan yon lekòl charter ak cyber charter pou nenpòt kantite tan kòm yon chanjman nan plasman dapre

Pa. Kòd Sek. 14.143 epi li egzije pou gen NOREP/preyavi alekri (si evènman disiplinè a pa konsène dwòg, zam ak/oswa blesi kòporèl grav). Yon ranvwa nan lekòl la se pa yon chanjman nan plasman pou yon timoun ki idantifye avèk yon andikap entelektyèl lè evènman disiplinè a konsène zam, dwòg, ak/oswa blesi kòporèl grav.

Dapre sèten asirans Commonwealth la te konkli ki gen rapò ak dekrè konsantman PARC la, yon LEA ka sispann sou yon baz limite yon elèv ki gen yon andikap entelektyèl ki prezante yon danje pou tèt li oswa pou lòt moun sou demann ak apwobasyon Biwo Edikasyon Espesyal la epi sèlman nan mezi ke yon elèv ki gen yon andikap ki pa yon andikap entelektyèl ta ka resevwa sispansyon.

## **F. Pwoteksyon Pou Timoun Ki Poko Kalifye Pou Edikasyon Espesyal Ak Sèvis Ki Anrapò Ak Edikasyon Espesyal (34 CFR §300.534)**

### **1. Jeneral**

Si yo panke deside si yon timoun kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki anrapò ak edikasyon espesyal epi li vyole yon kòd konduit pou elèv, men LEA a te konnen (jan li detèminen anba la a), anvan konpòtman ki lakòz mezi disiplinè te rive, timoun lan se te yon timoun ki gen andikap, lè sa a timoun lan kapab revandike kenenpòt pwoteksyon ki dekri nan avi sa a.

### **2. Konesans debaz pou afè disiplinè**

**Yo konsidere yon LEA dwe konnen si yon timoun se timoun ki gen andikap si, anvan konpòtman ki te lakòz mezi disiplinè te rive:**

- a. Paran timoun lan te eksprime alekri bòkote pèsonèl sipèvizyon oswa administrasyon biwo edikasyon espesyal apwopriye, oswa pwofesè elèv la, enkyetid li genyen ke timoun lan bezwen edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal;
- b. Paran an te mande yon evalyasyon anrapò ak kalifikasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal dapre Pati B IDEA a; **oubyen**
- c. Pwofesè timoun lan oubyen lòt pèsonèl LEA a te eksprime bòkote direktè edikasyon espesyal LEA a, oswa lòt pèsonèl sipèvizyon LEA a, enkyetid yo genyen espesyalman pou konpòtman timoun lan genyen ki rive regilyèman.

### **3. Eksepsyon**

**Yo p ap konsidere yon LEA te dwe okouran si:**

- a. Paran timoun lan pa te pèmèt yon evalyasyon timoun lan oswa li te refize sèvis edikasyon espesyal yo; **oubyen**
- b. Yo te evalye timoun lan e yo pa te jwenn timoun lan se yon timoun ki gen andikap dapre Pati B IDEA a.

### **4. Kondisyon ki aplike si pa genyen konesans debaz**

Si LEA a pa t konnen si yon timoun se yon timoun ki gen andikap anvan yo te pran mezi disiplinè kont timoun lan, jan li dekri anwo la a nan soutit **Konesans debaz pou afè disiplinè** ak **Eksepsyon**, timoun lan ka sibi mezi disiplinè yo aplike pou timoun ki pa gen andikap, ki te genyen menm kalite konpòtman sa yo.

Sepandan, si yo fè yon demann evalyasyon pou timoun lan pandan peryòd timoun lan anba mezi disiplinè yo, evalyasyon an dwe fèt yon fason akselere.

Jiskase evalyasyon an fini, timoun lan ap rete nan plasman edikasyonèl responsab lekòl yo detèmine a, ki kapab gen ladan sispansyon oswa ekspilsyon san sèvis pou edikasyon.

Si yo jwenn timoun lan se yon timoun ki gen andikap lè yo konsidere enfòmasyon ki sòti nan evalyasyon LEA a fè, ak enfòmasyon paran yo bay, LEA a dwe bay edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal konfòmman ak Pati B IDEA a, ansanm ak kondisyon disiplinè yo ki dekri anwo a.

## **G. Referans Ak Aksyon Bòkote Otorite Ki Responsab Aplikasyon Lalwa Ak Otorite Jidisyè (34 CFR §300.535)**

### **1. Règleman Eta ak federal yo:**

- a. Pa entèdi yon biwo fè rapò ba otorite ki konsènen yo pou yon krim yon timoun ki gen andikap komèt; **oubyen**
- b. Pa anpeche otorite aplikasyon lalwa ak otorite jidisyè yo egzèse responsablite yo nan sa ki konsènen aplikasyon lwa federal ak lwa Eta pou krim yon timoun ki gen andikap komèt.

Aprè yon referans bay fòsdelòd, li obligatwa pou gen yon mizajou evalyasyon konpòtman fonksyonèl ak plan sipò konpòtman pozitif.

### **2. Transmisyon dosye**

Si yon LEA fè rapò yon krim yon timoun ki gen andikap komèt, LEA a:

- a. Dwe asire yo transmèt ba otorite kote biwo a te fè rapò krim lan kopi dosye edikasyon espesyal ak dosye disiplinè timoun lan pou otorite yo ka egzaminen dosye sa yo; **epi**
- b. Ka transmèt kopi dosye edikasyon espesyal ak dosye disiplinè timoun lan sèlman nan degre FERPA pèmèt.

## **IX. KI SÈVIS EDIKASYON ESPESYAL KI DISPONIB POU TIMOUN MWEN, SI PARAN METE L NAN YON LEKÒL PRIVE?**

### **Seksyon Sa A Abòde Sèvis Edikasyon Espesyal Ki Disponib Pou Timoun Paran Yo Mete Nan Lekòl Prive.**

#### **A. Règ Jeneral (34 CFR §300.148)**

Pati B IDEA a pa egzije yon LEA peye nan yon lekòl oswa enstitisyon prive frè edikasyon, ansanm ak edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal pou timoun ou ki gen andikap si LEA a mete FAPE aladispozisyon timoun ou epi ou chwazi plase timoun lan nan yon lekòl oswa enstitisyon prive. Men, IU kote lekòl prive a ye a dwe mete timoun ou nan popilasyon kote yo abòde bezwen timoun yo dapre dispozisyon Pati B a, konsènan timoun paran yo te mete nan yon lekòl prive dapre 34 CFR §§300.131 jiska 300.144.

#### **B. Eksepsyon yo**

##### **1. Ranbousman pou plasman nan lekòl prive**

Si timoun ou te deja resevwa edikasyon espesyal ak sèvis anrapò ak edikasyon espesyal sou otorite yon LEA, epi ou chwazi enskri timoun ou nan yon lekòl jadendanfan prive, primè oswa segondè prive san konsantman oubyen referans LEA a, yon tribinal oswa yon fonksyonè odyans kapab mande biwo a ranbouse w frè pou enskripsyon sa a, si tribinal oswa responsab odyans lan jwenn biwo a pa te mete FAPE aladispozisyon timoun ou an nan lè li ta dwe mete l anvan w te fè enskripsyon sa a e plasman prive a apwopriye. Yon responsab odyans

oswa yon tribinal gen dwa jwenn plasman ou fè a apwopriye, menm si plasman an pa satisfè nòm Eta a ki aplike pou edikasyon ke Ajans Edikasyon Eta ak LEA yo bay.

## 2. Limit sou ranbousman

Ranbousman ki dekri nan paragraf anwo la a kapab diminye oswa refize:

- a. Si: (a) Nan reyinyon IEP ki pi resan ou te ale ladan an, anvan w retire timoun ou nan lekòl piblik, ou pa te avèti Ekip IEP ou ke ou t ap rejte plasman LEA a pwopoze a pou bay timoun ou FAPE, epi ou pa deklare tou sousi ou ak entansyon ou genyen pou enskri timoun ou nan yon lekòl prive sou kont depans piblik; oubyen (b) Omwen 10 jou ouvrab (ansanm ak tout konje ki tonbe nan yon jou ouvrab) anvan ou retire timoun ou nan lekòl piblik la, ou pa te bay LEA a yon avi alekri sou enfòmasyon sa;
- b. Si, anvan ou retire timoun ou nan lekòl piblik la, LEA a te ba w yon avi alekri sou entansyon pou evalye timoun ou (ansanm ak yon deklarasyon sou bi evalyasyon an ki te apwopriye e rezonab), men ou pa te fè aranjman pou timoun lan disponib pou evalyasyon an; **oubyen**
- c. Si konklizyon yon tribinal jwenn desizyon w yo pa te rezonab.

## 3. Eksepsyon nan Limit sou Ranbousman

Pri pou ranbousman:

- a. Pa kapab diminye oswa refize poutèt paran an pa te bay avi ki nesesè a si: (a) Lekòl la te anpeche w bay avi a; (b) Ou pa te resevwa avi sou responsablite ou genyen pou w bay avi a ki dekri anwo la a; oswa (c) Aplikasyon kondisyon ki anwo la a ta gen anpil chans pou li lakòz domaj fizik grav pou timoun lan; **epi**
- b. Pa kapab diminye oswa refize poutèt paran an pa te bay avi ki nesesè a – se tribinal oswa yon responsab odyans k ap deside sa – si: (a) Paran an iletre oswa li pa kapab ekri ann anglè; oubyen (b) Aplikasyon kondisyon ki anwo la a ta gen anpil chans pou li lakòz domaj emosyonèl grav pou timoun lan.

## C. Patisipasyon Ekitab (34 CFR §300.138)

Politik Depatman Edikasyon Pennsilvani sèke Inite Entèmedyè a (Intermediate Unit, IU) dwe lokalize, idantifye ak evalye tout timoun andikape ke paran yo enskri nan lekòl prive, sa gen ladan lekòl relijye, lekòl elemantè ak lekòl segondè ki nan zòn sèvis IU an.

Nan sikonstans kote paran yo mete timoun yo nan lekòl prive, lè FAPE an pa yon pwoblèm, IU yo dwe pran dispozisyon, nan limit ki konfòm avèk kantite ak anplasman timoun andikape ke paran yo enskri nan lekòl prive, ki sitiye nan zòn sèvis IU an, pou patisipasyon timoun sa yo nan pwogram ki ede oswa ki reyalize dapre plan IU an, nan ba yo edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo, sa gen ladan sèvis dirèk ke yo detèmine konfòmman ak akò patisipasyon ekkitab (Equitable Participation, EP) ant lekòl prive yo ak IU yo. Yon plan sèvis dwe devlope epi aplike pou chak timoun lekòl prive ki gen yon andikap ke IU an ke deziyen nan kote lekòl prive a ye a pou yo resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye jan li detèmine nan akò EP a.

Okenn timoun paran li plase nan lekòl prive ki gen yon andikap pa gen dwa endividiyèl pou resevwa enpe oswa tout edikasyon espesyal ak sèvis asosye ke timoun lan ta resevwa si li te enskri nan yon lekòl piblik. Pwosedi Ofisyèl ak Plent Eta yo pa aplikab, eksepte pou yon soupson mankman IU an pou satisfè egzijans pou jwenn timoun yo.

## ANÈKS A - RESOUS

### THE ARC OF PENNSYLVANIA

301 Chestnut Street, Suite 403  
Harrisburg, PA 17101  
1-877-337-1970

[www.thearcpa.org](http://www.thearcpa.org)

### CONSULTLINE, YON LIY ASISTANS POU PARAN YO

800-879-2301

Pèsonèl ConsultLine lan aladispozisyon paran ak defansè timoun ki gen andikap oswa timoun yo panse ki andikape pou eksplike lwa federal ak lwa Eta anrapò ak edikasyon espesyal; dekri opsyon ki disponib pou paran yo; enfòmè paran yo sou garanti pwosedi yo; idantifye lòt ajans ak sèvis sipò; epi dekri rekou ki disponib yo ak fason paran yo ka aji.

### DWA ANDIKAPE PENNSILVANI YO

301 Chestnut Street  
Suite 300  
Harrisburg, PA 17101  
800-692-7443 (San frè, Vwa)  
877-375-7139 (TDD)  
717-236-8110 (Vwa)  
717-346-0293 (TDD)  
717-236-0192 (Faks)  
[www.disabilityrightspa.org](http://www.disabilityrightspa.org)

### HISPANOS UNIDOS PARA NIÑOS EXCEPCIONALES (PHILADELPHIA HUNE, INC.)

2215 North American Street  
Philadelphia, PA 19133  
215-425-6203  
215-425-6204 (Faks)  
[huneinc@aol.com](mailto:huneinc@aol.com)  
[www.huneinc.org](http://www.huneinc.org)

### MISSION EMPOWER

1611 Peach Street, Suite 120  
Erie, PA 16501  
814-825-0788  
[advocate@missionempower.org](mailto:advocate@missionempower.org)  
[www.missionempower.org](http://www.missionempower.org)

### BIWO POU REZOLISYON KONFLI

6340 Flank Drive  
Harrisburg, PA 17112-2764  
717-901-2145 (Telefòn)  
800-222-3353 (San frè nan PA  
sèlman) Itilizatè TTY: Relè PA 711  
717-657-5983 (Faks)

[www.odr-pa.org](http://www.odr-pa.org)

Biwo pou Rezolisyon Konfli a administre sistèm medyasyon ak jistis ekitab yo nan tout eta a, epi li bay fòmasyon ak sèvis konsènan lòt chwa metòd rezolisyon diskisyon.

### PARENT EDUCATION AND ADVOCACY LEADERSHIP CENTER (PEAL)

2325 E Carson St. #100a  
Pittsburgh, PA 15203  
412-281-4404  
412-281-4408 (Faks)  
520 N Christopher Columbus Blvd., Suite 602  
Philadelphia, PA 19123  
215-567-6143  
866-950-1040 (Nimewo San frè)  
[www.pealcenter.org](http://www.pealcenter.org)

### SANT LWA ENTERÈ PIBLIK FILADÉLFI

United Way Building  
1709 Benjamin Franklin Parkway,  
Dezyèm Etaj  
Philadelphia, PA 19103  
215-627-7100  
215-627-3183 (Faks)  
[www.pilcop.org](http://www.pilcop.org)

### ASOSYASYON BAWO PENNSILVANI

100 South Street  
Harrisburg, PA 17101  
800-932-0311  
[www.pabar.org](http://www.pabar.org)

### REZO FÒMASYON AK ASISTANS TEKNIK PENNSILVANI (PaTTAN, PENNSYLVANIA TRAINING AND TECHNICAL ASSISTANCE NETWORK)

Harrisburg 800-360-7282  
King of Prussia 800-441-3215  
Pittsburgh 800-446-5607  
[www.pattan.net](http://www.pattan.net)

### GWROUP TRAVAY ETA A SOU DWA POU EDIKASYON

3190 William Pitt Way  
Pittsburgh, PA 15238  
1-800-446-5607 ekstansyon. 6828

**ANÈKS B**





OFFICE FOR DISPUTE  
RESOLUTION

Fòm Demann

Medyasyon

Fasilitasyon IEP/IFSP/GIEP

### Enfòmasyon sou Sèvis

|  |  |          |
|--|--|----------|
| Dat Jodi a:  | Mande pa: <input type="checkbox"/> Paran/Gadyen legal<br><input type="checkbox"/> LEA (distri lekòl; charter; oswa IU)<br><input type="checkbox"/> Tibebe/Timoun piti/Entèvansyon Bonè |          |
| Non/Imèl Moun K Ap Ranpli Fòm sa a:  | Relasyon ak Elèv la:   | Telefòn: |
| Tanpri tcheke kalite sèvis ou mande a:<br><input type="checkbox"/> Medyasyon <input type="checkbox"/> Fasilitasyon IEP <input type="checkbox"/> Fasilitasyon GIEP<br><input type="checkbox"/> Fasilitasyon IFSP (Entèvansyon Bonè) |  |          |

### Enfòmasyon Elèv la

|                     |                 |
|---------------------|-----------------|
| Non Fanmi:          | Prenon:         |
| Dat Nesans:         | Eksepsyonalite: |
| Ekri Lekòl/Pwogram: |                 |

### Enfòmasyon Paran/Gadyen legal

|                      |  |
|----------------------|--|
| Non Paran/Gadyen yo: | Dezyèm Paran oswa Paran ki pa ap viv ak Elèv la: |
| Adrès:               | Adrès  |
| Telefòn Kay:         | Telefòn Kay:                                     |
| Telefòn Travay:      | Telefòn Travay:                                  |
| Telefòn Selilè:      | Telefòn Selilè:                                  |
| Imèl:                | Imèl:  |

## ENFÒMASYON AJANS EDIKASYON (LEA) LOKAL

Non Distri Lekòl/Lekòl Charter/Ajans:

Adrès:

Non pou Kontak:

Tit Pozisyon:

Telefòn:

Faks:

Imèl:

Tanpri bay yon deskripsyon tou kout sou pwoblèm nan (yo) ki nan diskisyon an (yo), ak nenpòt solisyon ki pwopoze pou pwoblèm nan.

### Tanpri, ranpli seksyon sa a si w ap mande nenpòt kalite sèvis fasilitasyon.

Yon reyinyon IEP/IFSP/GIEP pwograme kounye a pou:

(dat, lè ak kote)

Yo poko pwograme yon reyinyon IEP/IFSP/GIEP.

Pou tout demann yo, si gen lòt enfòmasyon anplis ou ta renmen bay, tanpri mete yo la a.

- Paran ki gen kesyon sou sèvis sa yo oswa sou lòt chwa pou rezolisyon konfli ka kontakte ConsultLine Edikasyon Espesyal la nan 800-879-2301 oswa 717-901-2146.
- Nenpòt kesyon soti nan nesans-3 dwe al jwenn OCDEL nan 717-346-9320.
- Pafwa, yon moun anplwaye ODR ka mande patisipe nan nenpòt nan reyinyon sa yo pou evalye sèvis la. Pati yo ap resevwa enfòmasyon davans, epi y abòde nenpòt kesyon nan moman sa.
- Tanpri konsève yon kopi fòm sa a epi voye pa LAPOS, FAKS oswa pa IMÈL yon fòm ki fin ranpli ba Biwo pou Rezolisyon Konfli nan:

6340 Flank Drive, Harrisburg, PA 17112-2764  
717-901-2145 • Nimewo san frè 800-222-3353 (PA sèlman)  
Faks 717-657-5983 • Itilizatè TTY: Relè PA 711  
Imèl: [odr@odr-pa.org](mailto:odr@odr-pa.org)



## Plent pou Jistis Ekitab

\*endike yon chan ki obligatwa

### Enfòmasyon Debaz

|   |  |  |   |
|---|--|--|---|
| <input type="checkbox"/> IDEA   | <input type="checkbox"/> IDEA ak Edikasyon pou Elèv Ki gen don | <input type="checkbox"/> Edikasyon pou Elèv Ki gen don | <input type="checkbox"/> Section 504                        |
| *Dat Jodi a:  |  | ** Mande pa:   | <input type="checkbox"/> Paran <input type="checkbox"/> LEA |
| *Non/Imèl Moun ki Ranpli Demann sa a:   |  | *Relasyon ak Elèv la:                                  | *Telefòn:   |
| <b>Tanpri voye yon kopi Plent pou Jistis Ekitab la ba pati opoze a nan menm moman li depoze nan Biwo pou Rezolisyon Konfli.</b> |  |  |   |
| Si w bezwen aranjman espesyal pou patisipe nan odyans pou jistis ekitab la, ou dwe avèti LEA a.                                 |  |  |   |

### Enfòmasyon Elèv la

|  |          |                                     |   |
|--|----------|-------------------------------------|---|
| *Siyati:   | *Prenon: | Dat Nesans:                         | Sèks:<br><input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi |
| Eksepsyonalite:                                  |          | Eksepsyonalite:                     |   |
| *LEA (Ajans rejyonal pou edikasyon) – si li koni |          | *Etablisman Lekòl Elèv la Frekante: |   |

### Paran (yo) ki Abite avèk Elèv la

|   |                 |   |   |
|---|-----------------|---|---|
| *Siyati:                                      | *Prenon:        | *Relasyon:<br><input type="checkbox"/> Manman <input type="checkbox"/> Papa <input type="checkbox"/> Gadyen |   |
| *Telefòn Kay:                                 | Telefòn Selilè: | Telefòn Travay:   | Imèl:                                   |
| <b>Metòd prefere pou korespondans alekri:</b> |                 | <input type="checkbox"/> Imèl   | <input type="checkbox"/> Kourye Etazini |
| Non Fanmi:                                    | Prenon:         | Relasyon:<br><input type="checkbox"/> Manman <input type="checkbox"/> Papa <input type="checkbox"/> Gadyen  |   |
| Telefòn Kay:                                  | Telefòn Selilè: | Telefòn Travay:   | Imèl:                                   |
| <b>Metòd prefere pou korespondans alekri:</b> |                 | <input type="checkbox"/> Imèl   | <input type="checkbox"/> Kourye Etazini |
| *Adrès Paran(yo)/Elèv la:                     |                 |   |   |
| Avoka Paran (si li reprezante):               |                 | Telefòn Avoka:  |   |
| Adrès Avoka:                                  |                 | Imèl Avoka:   |   |

**Paran (yo) ki Pa ap viv ak Elèv la**

|   |                 |                 |                |  |   |
|---|-----------------|-----------------|----------------|--|---|
| Non Fanmi:                                    |                 | Prenon:         |                | Relasyon:<br><input type="checkbox"/> Manman <input type="checkbox"/> Papa |   |
| Telefòn Kay:                                  | Telefòn Selilè: | Telefòn Travay: | Imèl:          |  |   |
| <b>Metòd prefere pou korespondans alekri:</b> |                 |                 |                | <input type="checkbox"/> Imèl  | <input type="checkbox"/> Kourye Etazini |
| Adrès Paran:                                  |                 |                 |                |  |   |
| Avoka Paran (si li reprezante):               |                 |                 | Telefòn Avoka: |  |   |
| Adrès Avoka:                                  |                 |                 | Imèl Avoka:    |  |   |

**Enfòmasyon Ajans Edikasyon (LEA) Lokal****I. Enfòmasyon Moun LEA pou Kontakte**

|                 |  |                 |  |               |  |
|-----------------|--|-----------------|--|---------------|--|
| Non Fanmi:      |  | Prenon:         |  | Tit Pozisyon: |  |
| Telefòn Selilè: |  | Telefòn Travay: |  | Imèl:         |  |
| Adrès:          |  |                 |  |               |  |

**II. Sipèntandan/CEO**

|            |  |          |  |               |  |
|------------|--|----------|--|---------------|--|
| Non Fanmi: |  | Prenon:  |  | Tit Pozisyon: |  |
| Adrès:     |  | Telefòn: |  |               |  |

**III. Avoka LEA**

|                |  |             |  |  |  |
|----------------|--|-------------|--|--|--|
| Telefòn Avoka: |  | Imèl Avoka: |  |  |  |
| Adrès Avoka:   |  |             |  |  |  |

**IV. Odyans pou jistis ekitab la pral fèt nan adrès sa a:**

*(Non Biilding lan, Adrès ak Nimewo/Non Sal la – LEA a dwe ranpli pati sa)*

**Remak: Odyans lan pral fèt nan yon lè ak yon kote ki pratik ase pou paran yo ak timoun ki konsènen an. Pou ka edikasyon moun ki gen don, odyans lan ap fèt nan distri lekòl la nan kote ki pratik ase pou paran yo, epi, si paran yo mande sa, li ka fèt nan aswè.**

**Enfòmasyon sou Plent pou Jistis Ekitab (Ka IDEA yo sèlman)**

|   |  |
|---|--|
| A. Èske pwoblèm ou an konsène desizyon yon fonksyonè odyans ki pa te aplike? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non   |  |
| <i>(Si se wi, yo pral avèti Biwo Edikasyon Espesyal la, epi li pral mennen ankèt sou pwoblèm lan. Pwosedi Regilye disponib lè pwoblèm nan konsènen yon desizyon responsab odyans ki pa aplike.)</i> |  |
| B. Èske sa se yon demann pou yon odyans ki baze sou yon dezakò konsènan:  |  |
| <input type="checkbox"/> Disiplin   | <input type="checkbox"/> ESY – Ane Lekòl Pwolonje (Extended School Year) |
| <input type="checkbox"/> Tcheke la a si elèv la nan gwoup ESY vize a  |  |

### Enfòmasyon sou Plent pou Jistis Ekitab (Tout Ka yo)

Ou ka sèvi ak fòm sa a pou eksplike kisa diskisyon ou an ye, oswa ou ka tache yon fèy papye apa ki gen enfòmasyon sa yo.

\*Sou kisa diskisyon an ye? Tanpri mete enfòmasyon yo nan deskripsyon ou.

\*Kijan ou ta renmen wè sa rezoud? Kisa w ap chèche jwenn?

Si ou konnen pozisyon lòt pati a konsènan pwoblèm sa a, tanpri dekri li la a.

### REYINYON REZOLISYON (Ka IDEA yo sèlman)

Anvan yo fè yon odyans pou jistis ekitab, si paran an te depoze plent pou jistis la, lalwa (34 CFR §300.510) mande pou pati yo patisipe nan yon reyinyon rezolisyon, sof si toude pati yo dakò alekri pou renonse a egzijans sa a. Tanpri ranpli enfòmasyon annapre la yo:

- |   |       |
|---|-------|
| 1. Yon reyinyon rezolisyon pou diskite sou pwoblèm sa yo<br>pwograme pou:                   | (Dat) |
| 2. Yon reyinyon rezolisyon te òganize nan dat:  | (Dat) |
| 3. Ni pati yo ni LEA a te renonse alekri a patisipasyon nan reyinyon rezolisyon an nan dat: |       |
| 4. Nan plas yon reyinyon rezolisyon, mwen mande medyasyon. <input type="checkbox"/>         | (Dat) |

**Si #4 tcheke, yon responsab ka medyasyon ODR pral antre an kontak ak pati yo.**

Yon manm pèsònèl ODR ap konfime yo resevwa plent lan epi l ap bay responsab ka a enfòmasyon fonksyonè odyans lan.

Lòt enfòmasyon sou jistis ekitab disponib sou sit entènèt ODR, [www.odr-pa.org](http://www.odr-pa.org), oswa si w rele ConsultLine Edikasyon Espesyal (800-879-2301).